ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩІКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№139 (23.797) ● 2018 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 15, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм транспортымкІэ и министр Дитрих Евгенийрэ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ Москва щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым транспорт ІэнатІэм зэрызыщрагъэужьыну щІыкІэм

Дыгъуасэ Москва щекІуэкІащ Урысей Федерацэм транспортымкІэ и министр Дитрих Евгенийрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ я зэІущІэ.

АБЫ ЩЫТЕПСЭЛЪЫХЬАЩ щІыналъэм и гъуэгу-транспорт ІэнатІэм зегъэужьыным, нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ инфраструктурэ проектхэу къэрал дэІэпыкъуэгъуншэу зэфІэмыкІынухэр гъэзэщІэным ятеухуа Іуэхухэм.

КъБР-м и Іэтащхьэм и пресс-ІуэхущІапІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Тхыдэм и къэхъукъащІэхэм, ехъулІэныгъэ инхэр зиІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ фІыщІэ хэха щызиІэ цІыхухэм я фэеплъыр хъумэнымкІэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм мазаем и 2-м къыдигъэкІа Указ №12-УГ-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Тхыдэм и къэхъукъащІэхэм, ехъулІэныгъэ инхэр зиІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ фІыщІэ хэха щызиІэ цІыхухэм я фэеплъыр хъумэнымкІэ щыІэ комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Тхыдэм и къэхъукъащІэхэм, ехъулІэныгъэ инхэр зиІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ фІыщІэ хэха щызиІэ цІыхухэм я фэеплъыр хъумэнымкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм мазаем и 2-м къыдигъэкІа Указ №12-УГ-мкІэ къищтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Къардэн М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэр *(комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Журавлев А. И. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Лисун Е. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр;

б) **Ахъуэхъу Т. Б.** и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*»;

в) **Залиханов К. Хь.-У.** и къулыкъум зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*»;

г) Комиссэм къыхэгъэкІыжын Алэкъей А. М., Заставский А. Д., Къэзанш Л. Б., Лыхь З. А. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 12-м
№177-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм я ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 9-1 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм я ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 9-1 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. хуегъэхьын, Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2018 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№939-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм я ІуэхукІэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 9-1 статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм я ІуэхукІэ» 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №32-РЗ-м и 9-1 статьям и Іыхьэ 1-р мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын:

«1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъур (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым хиубыдэ къэрал къулыкъум, зэзыгъэкІуж судыщІэм и къулыкъум нэмыщІ) зыІыгъ цІыхум и къалэнхэр щигъэзащІэм езым и сэбэп зыхэлъхэр икІи Іуэхум зэран хуэхъункІэ хъунухэр къыкъуэкІамэ, абы и къалэнщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм игъэува хабзэм тету зыхуэфащэм хъыбар иригъэщІэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хиубыдэ къэрал къулыкъу зыІыгъым и къалэнхэр щигъэзащІэм езым и сэбэп зыхэлъхэр икІи Іуэхум зэран хуэхъункІэ хъунухэр къыкъуэкІамэ, абы и къалэнщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым игъэува хабзэм тету зыхуэфащэм хъыбар иригъэщІэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэ Судым щызыІыгъым, зэзыгъэкІуж судыщІэм и къулыкъур зыІыгъым и къалэнхэр щигъэзащІэм езым и сэбэп зыхэлъхэр икІи Іуэхум зэран хуэхъунухэр къыкъуэкІамэ, абы и къалэнщ Урысей Федерацэм и законодательствэм тету зыхуэфащэм хъыбар иригъэщІэну.».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 9-м
№32-РЗ

● КъБР-м и Парламентым

ЩІалэгъуалэр ягъэсэн, ягъэгушхуэн мурадкІэ

КъБР-м и Парламентым и еханэ зэхуэсым и ЩІалэгъуалэ палатэм хагъэхьэнухэр къыхахын щІадзащ.

ЩІАЛЭГЪУАЛЭ палатэр илъэситІым тещІыхьауэ яубзыху. Абы хагъэхьэ республикэ, щІыпІэ жылагъуэ ІуэхущІапІэхэм, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ самоуправленэмкІэ я органхэм епхауэ лажьэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм я щІыналъэ къудамэхэм, студент зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым къагъэхьащ цІыху 58-м я дэфтэрхэр. Абыхэм ящыщу епсэлъэну къыхахащ 55-р. КъыхэгъэщыпхъэщІ, ЩІалэгъуалэ палатэм и етхуанэ зэхуэсым хэтам я процент 45-м адэкІи я жылагъуэ лэжьыгъэм пащэну гупыж зэращІар.

Къэпщытакlуэ гупым, депутатхэм къищынэмыщІа, къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэхэмрэ щІэныгъэлІхэмрэ хэтщ, мы зэманым ирихьэлІэу зэІущІэу тІу ирагъэкІуэкІащ ЩІалэгъуалэ палатэм хагъэхьэнухэр къыхахыным теухуауэ.

Дэтхэнэ ныбжьыщІэми и къалэнт дакъикъитхум къриубыдэу езыми закъригъэцІыхуу зэлэжьыну и мурадхэм къэпщытакІуэхэр щигъэгъуэзэну, упщІэхэм жэуап иритыну. КъэпщытакІуэхэр щІэупщІащ федеральнэ, республикэ хабзэхэр егъэфІэкІуэн и лъэныкъуэкІэ щІалэгъуалэм яІэ гупсысэмрэ мурадхэмрэ зыхуэдэм.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Азычэ Светланэ** жиІащ ЩІалэгъуалэ палатэм щызэфІагъэкІ лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ абы хэтхэм зэрызаужьыр, къэкІуэну зэманым политик ныбжьыщІэхэр хуэгъэхьэзыра зэрыхъур. «Мыхьэнэшхуэ иІэщ палатэм муниципальнэ щІыналъэ псоми я лІыкІуэхэр зэрыхэдгъэхьэм. Сыту жыпІэмэ, район, къуажэ нэхъ пхыдзахэми я гугъуехьхэр абыхэм нэхъ наІуэ къащІыну, хэкІыпІэхэр къагъэлъэгъуэну Іэмал яІэ мэхъу», - къыхигъэщащ Светланэ.

Депутатыр тепсэлъыхьащ етхуанэ зэхуэсым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэм яІа ехъулІэныгъэхэми, псалъэм папщІэ, абыхэм язщ УФ-м и Къэрал Думэм иригъэкІуэкІа урысейпсо щІалэгъуалэ зэхыхьэм хабзэм теухуауэ дыдейхэм къыхалъхьа жэрдэмыр зэрыпхыкІар.

Комитетым мы лэжьыгъэр зэфІигъэкІмэ, ЩІалэгъуалэ палатэм цІыху 45-рэ хагъэхьэну КъБР-м и Парламентым къыщыхилъхьэнущ.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

Нэхъ цІыкІу дыдэхэр щапІыну ІуэхущІапІэхэм къахэхъуэнущ

МазитІым щегъэжьауэ илъэсищым нэс зи ныбжь сабийуэ 850-м щІигъу зэкІуэлІэну яслъэхэр 2019 гъэм и кІэухым ирихьэлІэу къыщызэрагъэпэщынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым егъэджэныгъэмкІэ и ІуэхущІапІэу 19-м.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР нэгъэсауэ гъэзэщІэным текІуэдэну ахъшэр - сом мелуан 536-м щІигъур - бюджет зэхуаку трансферту КъБР-м и бюджетым къыІэрыхьэнущ УФ-м и Правительствэм къищта унафэм ипкъ иткІэ.

«Демографие» лъэпкъ проектыр зэрагъэзэщІэнум и фІыщІэкІэ ди щІыналъэм зи ныбжьыр илъэсищым щІимыгъуауэ ис сабий псоми яхурикъун сабий ІуэхущІапІэхэр 2021 гъэм фІэмыкІыу республикэм къыщызэрагъэпэщыну я мурадщ. Апхуэдэу Урысейм Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм щыдаІыгъащ сабий 1860-рэ зэкІуэлІэн школыщІэу 25-рэ ухуэным теухуауэ республикэм и унафэщІхэм къыхалъхьар. Абы ипкъ иткІэ федеральнэ центрым сом мелард 1,5-рэ хуэдиз къиутІыпщынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.

Бюджетым тепсэлъыхьынущ

2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 21-м сыхьэт 11-м КъБР-м и Парламентым и Унэм къыщызэІуахынущ «2019 гъэм, 2020, 2021 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ІуэхукІэ», «2019 гъэм, 2020, 2021 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ и щІыналъэ фондым и бюджетым и ІуэхукІэ» законопроектхэм щытепсэлъыхьыну зэІущІэ зыубгъуа.

А документхэм хуащІ дагъуэхэмрэ хэлъхьэпхъэу къалъытэхэмрэ, апхуэдэу зэІущІэм хэтыну хуейхэм я заявкэхэр организацэхэм, къэрал, муниципальнэ органхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бюджетымкІэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ и комитетым хуагъэхьын хуейщ мы адресымкІэ: **360000, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ №55.**

Телефоныр: (8662) 42-24-60.

КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.

● Парт Іуэху

Я лэжьыгъэм ироплъэж

«Урысей зэкъуэт» политикэ партым КъБР-м щиІэ къудамэм и XXVIII зэІущІэ екІуэкІащ щэкІуэгъуэм и 9-м. Абы щриплъэжащ блэкІа илъэсым къриубыдэу партым зэфІихамрэ зыхунэмысамрэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Геккиев Заур**, «Урысей зэкъуэт» партым КъБР-м щиІэ къудамэм и унафэщІым и япэ къуэдзэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и къэрал чэнджэщэгъу **Бозий Натбий**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, партым и щІыналъэ гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ **Парафилов Дмитрий**.

2017 гъэм дыгъэгъазэм и 8-м къыщыщІэдзауэ 2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 9 пщІондэ партым илэжьам я гугъу ищІу къэпсэлъащ «Урысей зэкъуэт» партым КъБР-м щиІэ къудамэм и унафэщІ **АфэщІагъуэ Михаил**.

Ар тепсэлъыхьащ УФ-м и президент хэхыныгъэхэм партыр зэрыхэтам, «Урысей зэкъуэтым» хэт депутатхэр цІыхухэм щаІущІэ еблэгъапІэм, республикэм и щІыналъэхэм щрагъэкІуэкІа лэжьыгъэм.

- БлэкІа илъэсым лэжьыгъэшхуэ зэфІэтхащ. А псом я щхьэж бгъакІуэ хъунущ УФ-м и президент хэхыныгъэхэр. Дэ тхузэфІэкІащ КъБР-м щыпсэухэм я процент 91,8-р хэхыныгъэхэм къетшэлІэну. КъищынэмыщІауэ, зи гугъу тщІы пІалъэм къриубыдэу цІыхухэм лъэІу 7175-кІэ депутатхэм зыкъыхуагъэзати, абыхэм ящыщу процент 40-р зэфІэдгъэкІащ, процент 0,5-м дадэІэпыкъуфакъым, процент 17-м иджыри дыхоплъэ, - жиІащ АфэщІагъуэм.

КъулыкъущІэм къызэрыхигъэщамкІэ, партыр зэлэжь Іуэхухэм къыхешэ КъБР-м и министерствэхэр, ІуэхущІапІэ зэмылІэужьыгъуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр, адрей партхэр.

- Апхуэдэу, цІыхур пенсэ щагъакІуэ ныбжьым теухуауэ дгъэбелджыла зэхъуэкІыныгъэхэр партым и гъэзэщІакІуэ комитет нэхъыщхьэм едгъэхьри, «Урысей зэкъуэт» партым Къэрал Думэм щригъэкІуэкІ зэІущІэхэм щытепсэлъыхьащ. ИкІи 2018 гъэм фокІадэм и 6-м Президентым и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ къыхэтлъхьа зэхъуэкІыныгъэ зыбжанэ, - игъэбелджылащ унафэщІым.

АфэщІагъуэм гулъытэ щхьэхуэ хуищІащ парт проекту КъБР-м щагъэзащІэхэм. Фигу къэдгъэкІыжынщи, илъэс зыбжанэ хъуауэ партым ди щІыналъэм ухуэныгъэшхуэхэр щрегъэкІуэкІ.

- «Къалэ щІыуэпс» Іуэхум мылъкушхуэ хухахауэ щытащ. Абы и фІыгъэкІэ, КъБР-м и къалэ, къуажэ 17-м щыІэ пщІантІэ 90-м щІигъу, парки 4, хэщІапІэ 21-рэ зыхуей хуэдгъэзэфащ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт: дызытепсэлъыхь щІыпІэхэр зыгъэбелджылар дэракъым, атІэ цІыхухэращ, абыхэм интернетыр къагъэсэбэпри, ІэІэткІэ ягъэбелджылащ къэгъэщІэрэщІэжын хуей щыпІэхэр. Зэлэжьыжын хуей театрхэмрэ ЩэнхабзэмкІэ унэхэмрэ апхуэдэ щІыкІэкІэщ къызэрыхэтхари. Мы Іуэхум сом мелуан 15,8-рэ тедгъэкІуэдащ, - жиІащ АфэщІагъуэм.

КъулыкъущІэм къыхигъэщащ спорт и лъэныкъуэкІэ партым игъэзэщІа лэжьыгъэри. АфэщІагъуэм зэрыжиІамкІэ, блэкІа илъэсым къриубыдэу абыхэм зыхуей хуагъэзащ, яухуащ къуажэ спорт школ 25-рэ. КъищынэмыщІауэ, узыншагъэр щрагъэфІакІуэ физкультурэ ІуэхущІапІэхэр (ФОК) яухуэным 2019 гъэм пащэжынущи, абыи я нэІэ тетынущ.

Партым щІалэгъуалэм гулъытэ зэрыхуищІым и щыхьэтщ илъэс 16 хъуауэ щІалэгъуалэ зэчиифІэм зэрыдэІэпыкъур. Псалъэм папщІэ, КъБР-м и курыт еджапІэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэсхэм къахэжанык1а еджакІуэ 47-м мы гъэм стипендие иратащ.

ЗэІущІэм и кІэм партым и лІыкІуэхэм ІэІэт щэхукІэ къыхахащ лэжьакІуэщІэхэр, дыгъэгъазэм и 8-м партым и XXVIII Зэхуэсу Москва щекІуэкІынум хэтынухэр къагъэнэІуащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

ЩэкІуэгъуэм и 15, *махуэку*

♦**Философием и дунейпсо махуэщ**

♦**Гъуэгум къыщыхъу автомобиль зэжьэхэуэхэм хэкІуэдахэр ягу къыщагъэкІыж дунейпсо махуэщ**

♦**Дзэм къулыкъу щищІэну ираджэм и урысейпсо махуэщ**

♦**Урысейм зэщІэгъэуІуауэ щалэжь щІэпхъаджагъэхэм ебэныным хуэгъэпса ІэнатІэр къыщызэрагъэпэща махуэщ** (1988 гъэм)

♦**Тутын емыфэным и махуэщ**

♦**Бразилие Республикэр къыщызэрагъэпэща (1889 гъэм) махуэщ**

♦**Палестинэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - къэралыр къыщызэрагъэпэща (1988 гъэм) махуэр ягъэлъапІэ**

♦**Географие хъыбарегъащІэ системэхэм я махуэщ**

♦**Японием щагъэлъапІэ сабийхэм я махуэр**

♦**1764 гъэм** Урысейм ХудожествэхэмкІэ и академиер къызэрагъэпэщащ.

♦**1886 гъэм** Штутгарт къалэм (Германие) щыщ Бош Роберт унагъуэм къыщагъэсэбэп Іэмэпсымэхэрщызэпкърапъхьэ и ІуэхущІапІэ, цІыхуитІ фІэкІа щымылажьэу, къызэІуихащ. Иджы ар дуней псом щыцІэрыІуэ «Bosch» фирмэрщ.

♦**1933 гъэм** Москва япэ троллейбус линэхэм лэжьэн щыщІадзащ.

♦**1934 гъэм** СССР-м япэу щекІуэкІащ макъ зыщІэт теленэтынхэр.

♦**1955 гъэм** Ленинград метром и япэ гъуэгум лэжьэн щІидзащ.

♦**1988 гъэм** СССР-м къыщызэрагъэпэщащ зэщІэгъэуІуа щІэпхъаджащІэ гупхэм ебэнынымкІэ управленэр.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, ЩІДАА-м и член-корреспондент, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хьэшыр Юрий** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик, Москва дэт финанс академием и ректор **Есчындар Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Жылагъуэ лэжьакІуэ, Москва дэт циркым и художественнэ унафэщІ **Никулин Максим** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Ливанов Игорь** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Публицист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Ширдий Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ **Мэкъуауэ ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦АР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Къудей ФатІимэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

ЩэкІуэгъуэм и 16, *мэрем*

♦**Зэхудэчыхыныгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Проект зыщІым и урысейпсо махуэщ**

♦**1933 гъэм** СССР-мрэ США-мрэ дипломатие зэпыщІэныгъэхэр яку дэлъ хъуащ.

♦**1938 гъэм** самбэ спорт лІэужьыгъуэр къагупсысащ.

♦**1942 гъэм** «За Советскую Кабардино-Балкарию!» листовкэр къыдагъэкІыу щІадзащ.

♦**1945 гъэм** ЮНЕСКО-р - Лъэпкъ зэкъуэтхэм ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я ІуэхухэмкІэ и зэгухьэныгъэр - къызэрагъэпэщащ.

♦**1943 гъэм** Яхэгуауэ Михаил Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр къыфІащащ.

♦**1966 гъэм** вагъуэиж нэхъыбэ дыдэ къэхъуауэ щытащ: метеор 2300-рэ зы дакъикъэм къриубыдэу ижауэ къахутащ щІэныгъэлІхэм

♦**1996 гъэм** Каспийск къалэм (Дагъыстэн) теракт щалэжьащ. Абы цІыху 67-рэ хэкІуэдат.

♦Совет тхакІуэ, драматург, сценарийхэр зытхыу щыта **Погодин Николай** къызэралъхурэ илъэси 118-рэ ирокъу.

♦Къэрал куэдым щылэжьа урысей журналист цІэрыІуэ, тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ зрата **Боровик Генрих** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дыкъынэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щокъарэ Хьэсэнбий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Оперэ уэрэджыІакІуэ, УФ-мрэ КъБР-мрэ щІыхь зиІэ я артист **Батыр Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Малинин Александр** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 5 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Зэныбжьэгъугъэм и къарур

Гундэлэн къуажэм «Зэныбжьэгъугъэм и жыг» уэрам цІыкІу къыщызэІуахащ. Ар Хэку зауэшхуэм хэкІуэдахэм я фэеплъу абы и дыхьэпІэм и деж щагъэувам хуозэ. Іуэхум хэтащ Бахъсэн, Іуащхьэмахуэ районхэм я администрацэхэм я лэжьакІуэхэр, жылагъуэ, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.



БАЛИЕЙ, мыІэрысей жыгыщІэ 20-м щІигъур иджы я дамыгъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэкъуэш лъэпкъхэр зэрызэкъуэтым-рэ яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ.

Жыгхэр зыгъэтІысахэм яхэтащ Жанхъуэтекъуэ, Гундэлэн къуажэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэу Хьэмырзэ Заурбийрэ Атмурзаев Маратрэ, Зеикъуэ къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Быхъурэ Азэмэт. Іуэхур къызэзыгъэпэщахэм зэрыжаІамкІэ, мы къэкІыгъэ дахэхэр я нэщэнэу щытынущ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я зэкъуэтыныгъэм.

ЧЫЛАР Аринэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Фоч нэщІ лІитІгъэшынэщ.

Щэкiуэгъуэм и 10-м ягъэлъэпIащ Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкiэ органхэм я лэжьакIуэм и махуэр. КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ абы теухуа зэхьхьэ.

ЛэжьакIуэ нэхъыфIхэр ягъэпажэ

АР ЯУБЛАЩ КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкiэ и Iэнатiэхэм я лэжьакIуэхэу Урысейм и Лыхъужь цIэлъапIэр зыхуагъэфэщахэу Къэбэрдей АССР-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкiэ и япэ министр, генерал-майон Горшков Анатолийрэ КъБР-м щыIэ МВД-м и УБОП-м и унафэщI, милицэм и полковник КIарэ Анатолийрэ я фэеплъ пхъэбгъуэхэр республикэ МВД-м и Iуэхуцlапlэ щыIэхьэпIэм деж щыфIэлъхьэнымкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкiэ министру щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь, КIарэ Анатолий и шыпхъу Зое, Iуэхум кърихьэлIэхэм Урысейм и Лыхъужьхэм я фэеплъ пхъэбгъуэхэм деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

Адэкiэ пащащ махуэшхуэ зэхьхьэм. Абы хэтащ ведомствэм и унафэщIхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ, жылагъуэ, ветеран зэгурыIуэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Къызэхуэсахэм защIхуигъаазэм, республикэ МВД-м и Iэтащхьэ Ромашкин Игорь къеджащ Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкiэ и министр Колокольцев Владимирэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Казбекрэ къабгъэдэкI хъуэхъуэхэм.

Ромашкин Игорь зи къалэныр хьэлэлу езыхьэкI я лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ, узыншагъэ быдэ, зэIуэзэпщыгъэ, ехъулIэныгъэ яIэну зэригуапэри жиIащ:

- Нобэ жылагъуэм къытхуегъэув къалэныншхуэ. Илъэсыпlэкlэ дэ дэлъытащ республикэм хабзэ щыIэныр, цIыхуэр мамыру псэуныр, я шынагъуэншагъэм темыгузэвыхьыныр. Ди нэхъыжьхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащI ди лэжьакIуэ щIалэгъуалэр тэмэму я къалэнхэм пэрытыным, жылагъуэ псомкIэ щапхъэу щытыным, - жиIащ министрым. Абы къыхигъащIащ я лэжьакIуэ хэкIуэдахэм я унагъуэхэм я нэIэ зэрыгъэгъэтыр.

Махуэшхуэ зэхьхьэхэм Iуэху гуапэкIэ кърапащащ. КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкiэ и министр Ромашкин Игорь ведомствэм и медалхэр, щIыхь, фIыщIэ тхьилъхэр яритащ зи къалэным хуэпэж лэжьакIуэ жыджэрхэм.

Пшыхьыр иухащ республикэ МВД-м и лэжьакIуэхэм папщIэ ди къэфакIуэхэмрэ зэрэджьIакIуэхэмрэ ягъэхьэзыра концерткIэ.

УАРДЭ Жантинэ.

Кусовэ - Шыхъуэ Сулиетэ Аслъэн и пхъур

Дунейм ехьжащ публицист цIэрыIуэ, щэнхаблэзэр джыныжкIэ зэфIэкI къыхэзрымыкIуэ зэрыбгъэдэлъыр къэзыгъэлъэгъуа бзылъхугъэ, егъэджакIуэ щыпкъэ, Урысей Федерацэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм епхаяу лажьэ, лъэпкъхэм я дин зэхуэщытыкIэхэм ятеухуа къэхутэныгъэхэр хъыбарегъащIэ Iэнатiэм щегъэкIуэжкIыныжкIэ центрыр. Илъэс 12 ипкIэ ар хахат теорическэ зэхуэсышхуэм - документальнэ киномрэ цIыху хэхахэм ягъэхьэзыр я программэхэмрэ я «ЗэныбжьэгъуГъэ» Кавказ Ищхъэрэ фестиваль зэIухам и унафэщIу.

Сулиетэ щыщIалъхъэжащ Краснодар пэмыжьыжьэ Афыпсыпэ шапсыгъ къужажэм. Абы и адэ, зауэмрэ лажьыгъэмрэ я лIыхъужь Шыхъуэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ уэрамым тетщ Сулиетэ къыщыхъуа и унэр. Зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда журналистхэм я фэеплъ аллее Сулиетэ и жэрдэмкIэ иджыблагъэ къыщыщызэIуаха Мэхъэчкъалэ щыхасэнщ блашэ жыг цIыкIу, «Кавказым и анэр», апхуэдэущ и лэжьэгъуэхэмрэ и акъылэгъуэхэмрэ абы зэреджэу щытар, тщимыгъэгъупщэу.

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэ.

● ЗэIущIэхэр

И зэфIэкIыр инт

Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым Гуманитар щIэныгъэхэмкIэ и институтым щекIуэкIа фэеплъ зэIущIэр ирыгагъэхьэлIащ Кавказ бзэщIэныгъэлI цIырыIуэ Къумахуэ Мухьэдин Iэбубэчыр и къуэр къызэралъхуэр илъэс 90 зэрырикъум.

КЪЭРАЛ зыбжанэм ящыщ еджагъэшхуэхэр щыIэхьэлIа конференцыр, «Кавказым и филологие. И тхыдэмрэ и къэкIуэнымрэ» зыфIащар, иригъэкIуэкIащ а институтым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Дзэмыхь Къасболэт**.

- Нобэ дигу къэдгъэкIыж Къумахуэ Мухьэдин, лIэщIыгъуэ ныкъуэм къриубыдэу, адыгэбзэм и фонетикэм, грамматикэм, стилистикэм теухуа щIэныгъэ лэжьыгъэу 200-м щIигъу игъэхьэзыращ. Абы къыхэпщIыкIуэу иджвн щIидзауэ щытащ кавказыбзэхэр тхыдэм къэзрыдгъэуэгурыкIащ. Къумахуэм и лэжьыгъэхэм дуней псом пщIэ къыззрыщIыхащIам и щыхьэтщ Европэм щынэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ Лунд университетым (Швеце, Мальмё къалэ) и доктор цIэлъапIэр абы къыфIащауэ зэрыщытар. КъищынэмыщIауэ, ар щIэныгъэ академие зыбжанэм я действительнэ член. Къумахуэм и тхыгъэ куэд Швецием, Инджылызым, США-м, Голландиемрэ, Германиемрэ, нэгъуэщI къэралхэм къыщыградзащ. А псом кIадэкIуэуи, Къумахуэ Мухьэдин Iэбубэчыр и къуэр Чикобавэ Арнольд и цIэкIэ ягъэува дунейпсо саугъэтым и лауреат хъуауэ щытащ, - къыщыхигъэщащ и пэублэ псалъэм Дзэмыхь Къасболэт.

Еджагъэшхуэхэм я зэIущIэм хэтащ щIэныгъэлI 80-м щIигъу. Абыхэм ящыщщ Къумахуэм Швецием и Мальмё къалэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэ къыщыдэхьажа, профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор **Вамлинг Каринэ**, Тыркум и Кьайсэр къалэм дэт Эрджиэсэ университетым щезыгъаджэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат **Иуан Зэуал** (Къэрэшей-Шэрджэсым щыщщ), Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием къэзыкIапIэр джныныжкIэ и институтым щылажьэ, экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат **Ламбер Юрий**, Абхъаз къэрал университетым и профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор **Дзидзарие Отар** зи пашэ гупыр, Адыгэ Республикэм Гуманитар щIэныгъэхэмкIэ и институтым, КIэрашэ Тембот и цIэр зезыхьэм, щыщхэу филологие щIэныгъэхэм я доктор **Берсыр Батырбийрэ** филологие щIэныгъэхэм я кандидат **Анчокъу Сурэтрэ**, Адыгэ къэрал университетым щезыгъаджэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор **Абрэдж Ачедан**, Къэрэшей-Шэрджэсым и къалащхьэ Черкесск дэт, Гуманитар щIэныгъэхэмкIэ институтым щылажьэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат **ПIапIшу ФатIимэ** сымэ, нэгъуэщIхэри.

КъаухэкIуа хьэщIэ лъапIэхэр бысымхэм щагирэщIыхум, Дзэмыхь Къасболэт щхьэхуэу и цIэ кърилуащ а махуэм зи фэеплъыр ягъэлъапIэ еджагъэшхуэм ипхъу Къумахуэ Заремэ. Ар США-м и Мичиган къалэм дэт къэрал университетым и профессорщ, филологие щIэныгъэхэм я докторщ.

Конференцым фIэхъус псалъэ щыжиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр, культурологие щIэныгъэхэм я кандидат **Къумахуэ Мухьэдин**.

- Псом япэрауэ, мы зэIущIэр кьыззэгъэпэщакъэмрэ щыIэныгъэхэм щыкIыу къытхуэкIуа щIэныгъэрылажьэ цIэрыIуэхэмрэ фIыщIэ ин яхудощ. Мыбдежым къыщыззэуэса еджагъэшхуэхэм фи пащхьэ къыщысхуегъэкIуркъым щIэныгъэлI еджащэм къыззринэкIа и лэжьыгъэхэм я гугъу щысщIыну. Ауэ, итIани, къыхэзгъэщынут, си унэкъуэщым икIи си цIыджэгъум зыбжанэрэ сыхуэзэауэ, я унагъуи сихьауэ зэрыщытар. Абы зэман дэзыгъэкIуа дэтхэнэ зыми гу лъымытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым, ар и лэжьыгъэм, зэгупсысхэм фIы дыдэу хэзагъэ, дихьэхыу къызэрекIуэкIам. ЗорьжаIэжьымкIэ, Мухьэдин Iэбубэчыр и къуэм хэлъа адыгагъэр, и цIыхуфIагъэр апхуэдизу инти, и ныкъуэкъуэгъуэхэри ныбжьэгъу къыхуэхъурт. Си щхьэкIэ зэи зэхэсхакъым Мухьэдин и макъым ину зригъэIэтауэ, - жиIащ министрым.

Конференцым и цIыкIэ къагъэхьа тхыгъэхэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI, бзэ щIэныгъэхэм я доктор **БищIо Борис**.

- Курджым щIэныгъэхэмкIэ и академием бзэ щIэныгъэхэмкIэ и институтым и академик Шенгелие Важэ дэ, мыбдежым къыщыззэхуэсахэм, зыкъызэрытхуигъазэм сыкъеджэн ипэ къихуэу, фигу къзэгъэкIыжьмэ сыхуейт Совет Союзым и лъэхъэнэм кавказыбзэхэр джныныжкIэ институт лъэщ Тбилиси зэрыдэтар. Мы зэманым абы и зэфIэкIыр зэрыщытам хуэмыдэжмэ, си гугъу тщIы Шенгелие Важэ ящыщщ абхъаз-адыгэбзэхэм я зыужьыкIэ-зыхъуэжькIэу тхыдэм кьыдэгъуэгурыкIуэхэр къэхутэным ноби егугъуу елэжьхэм. Ныбжьышхуэ зиIэ а щIэныгъэлIым мыпхуэдэу зыкъытхуегъазэ: «ПщIэ зыхуэсщI си лэжьэгъу лъапIэхэ! Хуит сыкъэфщIмэ, сынывзэхъуэнущ, кавказыбзэхэр джын Iэнатiэм куэд зыщыхуэзфIэкIа, а Iуэхум зи гуащIи зи гъащIи бгъэдэзылъха, профессор, щIэныгъэлI цIэрыIуэ, цIыху гъуэгуанэ Къумахуэ Мухьэдин Iэбубэчыр и къуэр къызэралъхуэр илъэс 90 зэрырикъум зэхуэсауэ, абхъаз-адыгэ бзэщIэныгъэм адэкIи зегъэужьыным хуэгъэзауэ къызэзгъэпэща зэхьхьэшхуэр купщIафIэрэ гукъинэжу зэдеегъэкIуэкIыну! Къумахуэр щыщIащ къызыхэкIа лъэпкъым къыдекIуэкI щэнхабзэ дахэр зи Iэпэгъу цIыху щыпкъэу. ДэркIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ, Къумахуэ Мухьэдин зыщыщ лъэпкъым ягъэ ирогъащIи зэримылъэ, щыщдэжгъу, Курджыр, абы щыпсэухэр фIыуэ илъагъуу зэрыщытари. КъызэрыдбжамкIэ, Къумахуэр курджы щIэныгъэлIхэм, псори зэхэту, илъэс 50-м нэблагъэкIэ къыддэлэжьащ».

БищIор къызэджа тхыгъэхэм ящыщу, Мэзкуу дэт, Дунейпсо литературэмкIэ институтым къыбгъэдэкIари гъэщIэгъуэнт. Абыи къыхэщащ Къумахуэ Мухьэдин Iэбубэчыр и къуэм абхъаз-адыгэбзэхэр джын хэлъхьэныгъэ зищIар зэрыин дыдэр, езыри цIыху тельыджэу, къэзыпIагъуэм ягу кьинэжьин хуэдэу, зэщIэкъуарэ щIыкIафIэу, зыхуэзэхэр и псэ хъабзагъэмрэ и нэгу зэлъыухамкIэ зыхуэзэхэр кьыдидхьэхыу зэрыщытари.

Конференцыр зэгъэкIуарэ щIэныгъэ куэр и лъабжьэу екIуэкIащ. Абы кърихьэлIа еджагъэшхуэхэр тепсэлъыхьащ кавказыбзэхэм я зыужьыкIэ-зэхэлъыкIэм, я нобэрей щытыкIэм, я къэгъэсэбэпыкIэр къэралым щекIуэкI политикэм зэрыпылIам, нэгъуэщIхэми. ЗэIущIэр зэхэзышхэм я мурадщ, абы и къызэгъэпэщыкIэр, хэтахэм кьаIэта Iуэхуэхэр, щащIа докладхэр зыхуэдэр зэрыт тхьилъ щхьэхуэ кьыдагъэкIыну.

Тхыгъэри сурэтри КЪУМАХУЭ Аслъэн ейщ.

● Абы дегъэпIейтей

Жыхьэнмэм хуэкIуэ гъуэгу,

е Сыт дэ ипэжыпIэкIэ къытщыщIыр?

Керчь иджыблагъэ къыщыхъуар уи акъылым къыпхуигъэтIасэркъым - «и егъэджакIуэ бзаджэхэм» яхуиIэ гужьгъэжьым (колледжым щIэсхэм ящыщ зым зэрыжиIамкIэ) къызэщIеГъаплъэри, щIалэм мурад бзаджэ и гум ирелъхъэ: и ныбжь нэхъыбэ, Iэмал зэриIэкIэ, иукIын. ЯпэщыкIэ абы хуит зыкъыригъэщIэщ зэририхьну, адэкIэ езым зэхэлъхьэ къагъауэ пкъыгъуэхэр икIи, икIэм-икIэжьым, гууз-лIыуз имыIэу зэтреукIэ илъэс бжыгъэкIэ зыдеджахэр, езым кьыбгъурысу аудиториеизм щIэсахэр, и ныбжьэгъуу кьимылъытэу щытами, и нэIуасэ цIыхухэр.

Сыт къэхъур? Сыт ди щIалэгъуалэм къащыщIыр? Сыт дэ къытщыщIыр? А упщIэр блэкIа лIэщIыгъуэм и блыщI гъэхэм кьигъэувауэ щытащ Шукшин Василий. Абы и рассказ «Гуэзрыдзэ» жьхуиIэм и лIыхъужь нэхъыщIхьэр Iэху мыщхьэпэ хохуэ, пцы къытралъхьэри, игъэпуд. Сыт абы ищIэн хуейр, сыт и Iэмал, и жагъуэ къыззращIар зыхуигъэшэчын щхьэкIэ. Къызэрыхущытым хуэдэу яхущытыжьын, кьращIар яригIэжьын хуейуэ ара? Хьэмэрэ закъыхимыгъэщIыщIу и щхьэр Iуихыу, и жагъуэ къызэрращIар ирикъухьу ар игъэзыпI? Ермолаев Сашкэ хуэмыфащэ кьезыпэсам хуимыгъэгъуныр кьыхехри, уадэ кьищтэу ар иукIыну хьэзыр мэхъу. И щхьэм щызэригъэзахуэурэ ар иукIакIэщ абы, ауэ апхуэдэ лъэбакъуэ иныныжьым ар нэхъыбыгъэсар къаруэ тельыджэ гуэрщ.

Керчь апхуэдэ къару тельыджэхэр щызэрихьэлIакъым - гуэзвэгъуэ ькъэхуащ. Гуэзвэгъуэ шынагъуэ дыдэ.

КъэмыхъункIэ хъуну щыта ар? Шэч хэмылIу, апхуэдэ Iэмал щыIащ. Ауэ абы щхьэкIэ пльагъунэ, зыхэпщIэн хуеиуа къуэджаIуэ Росляков Владислав и Iуэху зыIутыр. Иджы абы и цIэр къраIуэхукIэ, псори абы ебгынущ, я къуэ лIыукIым и нэпкъыжьэ псэуухукIэ ятелъынущ абы и адэ-анэми.

Ар къагъэувыIэфыну щытат. Аущ къагъэувыIакъым...

Сыт ькъущIамыгъэувыIар? Иджыри зэ зыхуэдгъэзэнти Шукшин Василий: «... Дэращ цIыху икIэхэр зыгъэбзгъуар, дэращ... Дэ ахэр парашюткIэ къытхурадзыхакъым».

Аращ, ахэр къытхэтщ икIи кIуэ пэтми нэхъ еру, мыкIыгъэ мэхъу. Абыхэм шэч къытрахьэркъым езыхэм зыхуэИ псори зэрахуэущIнум. Абыхэм я фIэщ мэхъу нэмыкIыбгъэр цIыхуэхэм уаэхтыныжькIэ Iэмал хъарзынэу зэрыщытыр. Абыхэм шэч къытрахьэркъым цIыхур ягъэикIну зэрызхуитым. Еруугъэр мардэ яхуэхъуащ апхуэдэхэм. ЦIыхум тегуплIэнар, абы зэран хуэхъуныр зыуи кьрадзэркъым, мыхъумыщIагъэ ялэжьуи кьалытэркъым, уеблэмэ апхуэдэу щытын хуейуэ кьащохьу.

Иужьрей зэманым сэри зыхэсщIащ апхуэдэ. «Къэнжал зауэ: илъэсищэкъм кьапхыкI Iуэху еплъыкIэ» тхылъыр кьыззрыдзэгъэкIам кьыхэкIыу Интернетым и социальнэ сетхэмкIэ псалъэ гуемыIу куэд кьыстратэхуащ. Ари здэтт, сыззрымызахуэм щыхьэт текIуэ щапхъэхэр кьахьу щытамэ. Ауэ щапхъэ лъапкъи кьахьыркъым - псалъэ мыхъумыщIкэр кьыстрагъэлъапIэу аращ. ЗэрыжаIэу, бзэзрым кьыззрыткIауэ кьэсхуохъущIэхэр. Зихуэдэ щымыIэ нэмыкIытагъэ хэлъу. Абыхэм зыри зэрырамыщIафынум щэч кьыззрытрамыхьэр зи лъабжьэ нэмыкIытагъэ. ГущIэгъу зыхэмылъ, цIыхур зыгъэкIэ нэмыкIытагъэ. Абы кьыдэкIуэуи сызыгъэшынэну хэтхэр, си цIыхьыр зыгъэпудэкIэ цIэ лей зыфIэзэщIыжа, зызыгъэпщIкI цIыхуэхэкъым, атIэ си сурэтхэри, си биографиери зымыгъэпщIкI цIыхуэхэщ. Уеблэмэ, абыхэм я нэхъыбэр щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэхэщ, егъэджакIуэхэщ, егъэджэныгъэ Iэнатiэм и лэжьакIуэхэщ. Абы щыхьэт утехъуэн щхьэкIэ куэд ухуейкъым - Фейсбукым абыхэм щаIэ напIэкIуэцIхэр кьыззIупхын хуей кьыдейуэ аращ.

А цIыхуэхэм лъабжьэхъуныгъэрщ я гуаэзэр. Нобэ абыхэм ялъагъу хъуркъым езыхэм ягу иримыхьахэр, пщэдей - абыхэм зыгуэрэм хуагъэлъэгъуар, пщэдеймыщкIэ - езыхэм емыщхь дэ псори.

Апхуэдэ я лъагъумыхъуныгъэр иджыпсту абыхэм интернетымIэщ кьыззрагъэлъагъуэр, ауэ шынагъуэщ абыхэм ар ди гъащIэми кьыщагъэлъагъуэу хуежьэнкIэ (Кърымым къыщыхъуа гуэзвэгъуэр абы и щыхьэту жыпIэ хъунущ). Росляков Владислав ещхьу, абыхэм я зэран цIыху хэхахэм екIынкIэ щыхъуну зэманыр мыжьыжьэ щытынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым. Нэхъ шынагъуэжраци, я гужьгъэжьыр зыхуэмыгъэпщкIуэхэм я нэхъыбапIэр щIалэгъуалэщ. Ахэр къэралыгъуэ абрагъуэм и къуэкIуэнур зэлъытауэ щытыну дызыщыгугъахэу жылагъуэм хуэфащэ гулъытэ блэкIа зэманхэм щызыгьыгъуэтахэрщ, тэмэму унэтIа мыхъуахэрщ. КIэщIу жиIэнмэ, цIыхум пщIэ хуэщIыным щIагъэджыкIа-къым, ар я хьэл-щэным хэлъу къагъэтэджакъым. АтIэми, аракъэ жылагъуэм щыIэ зэхуэщытыкIэхэм я лъабжьэ нэхъыщхьэр. Дигу къэдвгъэгъэкIыжьит Антуан де Сент Экзюпери и «Гъэрым хуэгъэза тхыгъэ» жыхуиIэр. «ЦIыхум пщIэ хуэщIын! ЦIыхум пщIэ хуэщIын!.. Зым адрейм пщIэ хуищIынир цIыхуэхэм яхэпщагъ, икIэм-икIэжьым абыхэм кьызэрагъэпэщыфынущ пщIэ зэхуэщIынир зи хабзэ нэхъыщхьэ жылагъуэ, политикэ икIи экономикэ зэхэтыкIэр. Сыт хуэдэ щэнхабзэми и лъабжьэр езы цIыхум хэлъырщ».

Ар дэ иджыпсту кьыдгурыIуэу, нэмыкIытэкIэ щыIэныгъэ кьыжьэдэдмыкъуэмэ, лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэрэ зэтеува хабзэхэм ахэр зэребакъуэм щхьэкIэ жэуапым едмышалIэмэ, пщэдей кIасэ хъункIэ шынагъуэщ. Керчь кьыщыхъуа насыпныгъагър хабзэу кьытхуэнэнкIэ зыхуэIуа щыIэкъым.

Шукшин кьигъэрва: «ЦIыхухэ, сыт дэ кьытщыщIыр?» упщIэр нобэ зэи хуэмыдэжу игъэ дыдэщ. Ди жылагъуэм шынагъуэ кьыщыхьэныкIэ кьыззрыщIыну. ЦIыху хэхам пщIэ хуумыщIынир жылагъуэ псом пщIэ хуумыщIыным ухуэзышэ ялэ лъабжьэщ. АтIэми, жылагъуэм пщIэ хуэзымыщIыр, ихъурегъакIэ кьыщекIуэкIэр акъыпсэкIыгъэ. Ар зыгъэгурымыIуэр - абы и бийщ. Керчь щыщ псоми, жыхьэнмэр кьыхэзыхьыу абы кIуам хуэдэ дыдэу.

Тхьэм дащихьумэ жыхьэнмэм цIыхуэхэм ялэжь заляымыгъэхэми.

КОТЛЯРОВ Виктор,
«Котляровхэ Викторрэ Марие рэ я тхьилъ тедзапIэ» Iуэхущlапlэм и редактор нэхъыщхьэ.

Тэрч щIыналъэ

Зэгъунэгъуэхэм я зэхьхьэ

Тэрч районым щекIуэкIащ «Дыдзэкъуэтмэ, дылъэщщ» зыфIаща фестивалыр.

КъБР-м Граждан Iуэху Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныжьмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкiэ и министерствэм, Тэрч районым и щIыпIэ администрацэр и дэIэпыкъуэгъуу, къызэригъэпэща зэхьхьэм хэтащ Шэрэдж, Прохладнэ районхэм, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Ингуш республикэхэм я лIыкIуэхэр.

Осетие Ищхъэрэ - Аланием кьикIахэм я пашэт а республикэм лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и министр Цуциев Асльэнрэ Киров, Мэздэгу муниципальнэ районхэм я Iэтащхьэхэмрэ. Ингуш щIыналъэм и лIыкIуэхэм яхэтащ къэрал Iуэхуэхэмкiэ, лъэпкъ политикэмкIэ, печатымрэ информацэмкIэ и министрым и къудэзэхэу Паров Гилани, Мизиев Руслан сымэ. Абыхэм ящIыгъут я къэфакIуэ, уэрэджьIакIуэ гупхэри.

Фестивалым щагъэлъэгъуащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ кьулейр. Утыкур ягъэдхащ уэрэдымрэ къафэмкIэ «Терчаника» (Тэрч къалэ), «Елъкъуэт» (Киров районым щыщщ), «Виринея» (Прохладнэ районым и Пролетарскэ къуажэм щылажьэ «Русь» Щэнхабзэ центрым и гупыр) ансамблхэм, Шэрэдж щIыналъэм, Ингуш Республикэм я уэрэджьIакIуэхэм.

КъБР-м Граждан жылагъуэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьэныжьмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкiэ и министрым и къудэзэ Гергоков Джамболэт Iуэхущlапlэм и ЩIыхь тхьилъхэр яритащ Цуциев Асльэнрэ Ингуш Республикэм къэрал Iуэхуэхэмкiэ, лъэпкъ политикэмкIэ, печатымрэ информацэмкIэ и министр Яндиев Муслимрэ, лъэпкъхэр зэгурыIуэныгъэ-зэрыпытэу къызэдэгъуэгурыIуэным зэрытелажьэм папщIэ.

ГъфIэгъуэ пшыхьыр иуха нэужь, хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ зэпсэлъэну Iэмал яIащ, зэдэлэжьэну зэгурыIуащ. Абыхэм къыхагъэщащ щIыналъэхэм я зэныбжьэгъуГъэр ирагъэфIэкIуэныжьмкIэ фестивалыр сэбэп зэрыхьэнур. Ахэр зэгурыIуащ мыпхуэдэ зэхьхьэ илъэс къэс ирагъэкIуэныжьмкIэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Сыт щыгъуи дыхуэныкъуэнущ

● Фэеплъ

ЦIыхуэр дунейм ехьжа нэужьщ абы и уасэр къыщыпщIэр. Махуэ къэс жьхуиIэм хуэдэу узыхуэзэр, плъагъур, куэдкIэ узыдэгуашэр и мычэзууэ пIэщIэкIыныр гуауэ тIуащIэщ. Зэманыр кIуэукIэ хьэкъ пщохъу апхуэдэ цIыхум уэрыхуэныкъуэр, уи гупсысэ, уи гукъеуэ, уэрыгуфIэ Iуэхуэхэр зэпхьэлIэу укъызыдэгъуэгурыкIуар уи псэм къызэрильыхъэр.

АПХУЭДЭ щIалэт пщIэшхуэ зиIэу Псыгуэнсу дэса БецIыкIу Джатэгъэжь и къуэ Сэрэбий. Абы щхьэгъусэ хуэхъуат Сэбан Ларисэ. НасыпыфIэу, бынилIи зэдагъуэтауэ зэдэпсэуащ а тIур. Я унагъуэ дихьамэ, зэщхьэгъусэхэм я зэхущытыкIэ дахэм дыдихьэхуу, дыкъыщIэкIыжьму дгу пымыкIыу апхуэдэт... Гуэзвэгъуэр къыщыкъуэкIынур зыми ищIэркъым: нэгъабэ, бжьыхьэку маззу, Лариси и бынхэми къатеункIыфIащ дыгъэр. А унагъуэм и мызакъуэу, тхуэмыгъэткIуу, мыхъужьын уэу, дэри ди гущIэм итIысхьащ а гуаэр.

Шэ хьэлэл ефа цIыхут Сэрэбий. ШыпхъукIи, къуэшкIи, ныбжьэгъукIи, гьунэгъукIи гумащIэт, псэ мыгъуэт. Умылъагъун хуэдэ щIалэтэкъым ар - зыгуэрым Iуэху къыIлъыкъуэкIамэ, Iэмал имыIэу щIагъэкъуэн хуэхъунут. Шхэпсым хуэдэу благъэри Iыхьлыри зэкIэрызышхэ, зи псалъэм тебгъэтэж цIыху пэжт. Зы цIыху псэ къабзэ, зы цIыху псэ хей дунейм тетащ, Сэрэбий етIуанэт. Абы ифI мыхъумэ, и Iей жызыIэфын ди жьылэм и кIыхьагъэм къыщыбгъуэтынкъым.

Дыпхуэарэзыщ, ахърэт нэху Алыхьым къуит, ди ныбжьэгъу лъапIэ.

БецIыкIу Сэрэбий къыдеджахэр, и ныбжьэгъуэхэр.

Адыгэ бзылъхугъэ

● Жыжьэ - гъунэгъу

Хахуагъэ зыхэлъа цIыхубзхэр тхыдэ уэрэдыжьхэм къазэрыхэщыр

ЦIыхубзым и пщIэр ихъумэныр нэхъыщхьэ дыдэт адыгэ лIыхъужьхэм я дежкIэ. Абы щыхьэт техъуэхэм ящыщщ «Нащхъуэжьыкъуэ ябгэ» уэрэдым къыдекIуэкI хъыбарыр. Нэгъуейхэр жылэм къытеуа нэужь, къаугъуея фIыгъуэхэм я гъусэу Нащхъуэжьыкъуэ и щхьэгъусэри здрахьэжьат. Жылэм дэсхэр, пщыр я пашэу, абыхэм якIэлъыпхъэрат, арщхьэкIэ зыри къикIакъым. Нащхъуэжьыкъуэ къэсыжу къэхъуар щызэхихыжым, жылэдэсхэр къыхуриджащ лейзехьэхэм иджыри якIэлъыпхъэру зрагъэщIэжыну. Абы и мурадыр къыдэзыIыгъын къащыхэмыкIым, Нащхъуэжьыкъуэ и закъуэ шэсри, дыгъуэгъуакIуэхэм къатрихыжащ и щхьэгъусэр.

«ЦIЫХУБЗ пшэрыхь хущанэ» псалъэжьми къегъэлъагъуэ адыгэ цIыхубзым пщIэшхуэ зэриIар. IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжщи, абы уеблэмэ къигъэувыIэфынут лъы ягъэжэну зэпэщIэува цIыхухъуитIыр. ЕщIэнокъуэ Атэбий и хъыбарым нэхъ гущIэгъуншэу къыхэщыж Къуийцlыкlу и къуэ Дэгужьей ЕщIэнокъуэ Атэбий зридзыну зигъэхьэзырагъэххэт: «ЗанщIэу мафIэу къызэщIэнащ, щхьэ фIэхыным щыхуеIэм, хъыджэбзым и щхьэм телъ IэлъэщIыр зытрихри елъэIуащ: «Алыхь укъэзыгъэщIауэ узэкIуэлIэжынум хьэтыр хуиIэу щытмэ, букIынукъым», - жиIэри, лIитIым я кум зыкъыдидзэри, зэрыукIыну Iэмал яритакъым. «Ауэ щыхъуакIэ: «ЦIыхубз пшэрыхь хущанэ», - жиIэри, Дэгужьейм и Iэщэр ирилъхьэжащ».

Адыгэхэм я тхыдэ-лIыхъужьыгъэ уэрэдхэмрэ гъыбзэхэмрэ къахощ псом хуэмыдэу уэркъ лIакъуэм къыхэкIа цIыхубзхэр зытету щыта хабзэ щхьэхуэхэри. Апхуэдэ зыт «уэркъ хашэкъым» жыхуаIэр. «Лабэдэсхэм я гъыбзэм» къыщокIуэ мыпхуэдэ псалъэхэр: «Ди адэр уэркъти, дэ дымыхашэ» (бзэгу тхьыркъым жыхуиIэщ).

ЦIыхухъухэми хуэдэу, цIыхубзхэр, уэркъ хабзэм къызэригъэувым тещIыхьауэ, Iуэху шынагъуэ гуэрым е лIэныгъэм къригъэкIуэтыртэкъым. ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа «Лабэдэсхэм я гъыбзэм» къызэрыхэщыжщи, Шырыхъум я гуащэм, и къуажэгъухэм я кIэухыр щилъагъукIэ, и псэр зэрихъумэным хущIэкъуркъым, атIэ езыри абыхэм я гъусэу хэкIуадэмэ нэхъ къещтэ. Псэм нэхърэ напэр нэхъ кърегъэкIу.

«Сэ сыт папщIэкIэ зыкъэзгъанэрэ?» - жеIэри, зыкъигъазэу зезыгъэукIыр
Шырыхъум фэ фи гуащэфIщ -
дыщIегъу.

Апхуэдэ хахуагъэ къыкъуокI нэгъуэщI цIыхубз цIыкIуми - Щоджэнхэ Гуащэхъурей. Бийр зэбгъэрыкIуа адэм, уэркъ хахуэ Щоджэн Шумахуэ, и къуэ кIасэ цIыкIур Тхьэшхуэм анэмэт хуищIу, цIэрыIуэ хъуа и «ержыб Iэщэм» кIэрепхэри, къырым кърездзых. Езыр Гуащэхъурей къиихъумэну пылъщ.

«Дыщэу сэ си ерыжыбымрэ
си быным я нэхъ кIасэмрэ
Тхьэ лъапIэм и анэмэтщ!»

Бийм ахэр зэрыпэщIэмытыфынур Гуащэхъурей къыщыгурыIуэм, лIэми нэхъ къещтэ.

Уэ ди адэу Щоджэн Шумахуэр
игъащIэкIэ шыщхьэмыгъазэщ.
Дэ, бзылъхугъэм димыхабзэххэу
фочыбжьэкIэ дырагъэзащ, - жеIэри,
Къигъазэу зезыгъэукIыр
Щоджэнхэ япхъууэ Гуащэхъурейщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, адыгэхэр щызауэм деж, уэркъ хабзэмкIэ, цIыхубзхэм, сабийхэмрэ лIыжь-фызыжьхэмрэ лей къытрамыгъэхьэу зэрыщытар. «Адыгэр хахуэщ ыкIи шыщхьэмыгъазэщ, ауэ абы фIэфIкъым лейуэ лъы игъэжэн, хьэдэм теджэгухьын, Iэщэ зыIэщIэмылъым, цIыхубзым пэщIэувэн, - итхырт Лапинский Т. - Зауэр здекIуэкIым шэрджэсхэм гъэру къащта зауэлIхэм щытыкIэ хэха хуаIэт. ЛIы пхам лIы еуэркъым, - жыIэгъуэр абы щыхьэт тохъуэ. Апхуэдэуи гулъытэ щхьэхуэ хуащIырт, абыхэм цIыхубз яхэтмэ - лъэсу яхуртэкъым, шым трагъэтIысхьэрт».

Адыгэхэм я тхыдэ-лIыхъужь уэрэдхэм Iэщэ къэзыщта бзылъхугъэхэм уащрихьэлIэркъым. Ауэ IуэрыIуатэм закъуэтIакъуэрэ уащыхуозэ зауэм пыщIауэ щыта язынықъуэ бзылъхугъэхэм я цIэхэм. Абы и щапхъэщ Лашын - хъаным и бэнакIуэхэм ящыщ зы хэзыгъэщIа цIыхубз-пелуаныр.

КъищынэмыщIауэ, Борэ Iумахуэ теухуа «Къалмыкъыдзэ» хъыбарым цIыхубз зыбгъупщI къыхощыж, «Къардэнхэ я фыз кIыхькIэ» зэджэр я пашэу, зэхэуэм зэрыхэтам щыхьэт техъуэу: «Къардэнхэ я нысэу зы фыз кIыхь гуэрым цIыхубз зыбгъупщI къызэщIигъэуIуэри, «ФынакIуэ, хьэдэIус хъун, дилIхэр мэзауэ, дэ мыбдеж ауэ дызэхэсын?! НэгъуэщI мыхъуми, къалмыкъ ундэрэщхъуа къэдгъуэтмэ, бжэгъукIэ дукIынщ», - жиIэри, бжэгъу зырыз къащтэри здришэжьащ. АдэкIэ хъыбарым гушыIэ хэлъу къеIуатэ къалмыкъыдзэм иращIэкI зауэм жыгыщхьэм тесу кIэлъыплъурэ уэрэд зэхэзылъхьэ джэгуакIуэр Къардэнхэ я фыз «кIыхьым» бжыкIэ къызэрыриудыхыр, «Iуэхуншэу» щыса нэхърэ зауэм хэтам зэрынэхъыфIыр ириIуэкI хуэдэу. ЩIым кърагъэхуэха джэгуакIуэм зэпимыгъэууэ адэкIи зэхелъхьэ: «Къардэнхэ фи нысэ кIыхь мыгъуэр сосрыкъуэбжкIэ къыскIэщIопыджэ, джэгуакIуэр зытес жыгей мыгъуэм сыкъреудыхри, щIытI брум сыдегъалъэ». Пэжыр жыпIэмэ, тхыдэр зи лъабжьэ хъыбархэм мыпхуэдэ гушыIэкIэхэр - Къардэнхэ я нысэм и теплъэр къызэригъэлъагъуэ щIыкIэрщ зи гугъу тщIыр - къыщыкIуэ хабзэкъым, ауэ, дызэреплъымкIэ, абы къегъэлъагъуэ адыгэ бзылъхугъэр зауэм хэтыну къырамыгъэзэгъыу зэрыщытар.

Шапсыгъ цIыхубзхэм зауэм пыщIэныгъэ гуэр зэрыхуаIам теухуа Iыхьэ гуэрхэм дыкъыщоджэ Чистяковэ Е. «Шапсыгъ бзылъхугъэхэм динымрэ жылагъуэ Iуэхухэмрэ щаубыд увыпIэр» и тхыгъэм.

«...Шапсыгъхэм, - къыхегъэщ абы, - зауэлI цIыхубз зыбжанэ зэраIар я тхыдэм щыхъумащ. Мызэ-мытIэу зэхэтхащ Къазий Хьэнифэрэ Iэишэт хахуэмрэ я хъыбархэр. Иужьрейм теухуауэ жаIэ и дэлъхуищыр щызауэм ар емызэшыжу абыхэм зэрадэIэпыкъуар (Iэщэхэр яхуиузэду). Абы и цIэр фIащащ Кировым и къуажэм пэгъунэгъу бгым икIи «Айшетдаг»-кIэ йоджэ. Апхуэдэуи Щхьэбэ Хьэтэх къыджиIэжащ и къуажэм къыщыхъуа цIыхубз цIэрыIуэ Нэгъучэм теухуа хъыбарыр. Хьэлэмэтрати, пщIэгъуалэм тесу цIыху 15 зыхэт и гупым я пашэу, ар къикIуэт имыIэу зауэрт».

Адыгэ IуэрыIуатэм мыпхуэдэ хъыбархэр иIэкъым, е хэт ищIэрэ, зауэлI цIыхубзхэм ятеухуахэр яхуэхъумакъым. Къапщтэмэ, ар щыхьэт техъуэу къыдолъытэ адыгэхэр цIыхухъумрэ цIыхубзымрэ щхьэж игъэзэщIэн хуей къалэным нэхъ ткIийуэ тету зэрыщытам.

Тхыдэ уэрэдыжьхэм щагъэIуу щытар лIыхъужьым и хахуагъэрат. Гъыбзэхэр зэхалъхьэрт икIи жаIэрт бзылъхугъэхэми.

ХЬЭГЪЭЖЕЙ Лианэ,
Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и лэжьакIуэ.

IэщIагъэ псоми я щIэдзапIэ

Акъбащ Ипщэ къуажэм къыщалъхуа Щомахуэ Мадинэ Анатолэ и пхъур илъэс 27-рэ хъуауэ егъэджакIуэ IэщIагъэм иролажьэ. Мадинэ и зэфIэкIхэр районым щынэрылъагъущ. Абы и щыхьэту, иджыблагъэ бзылъхугъэм къыхуагъэфэщащ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъыр.

МАДИНЭ бынунагъуэшхуэм къыщыхъуащ, шыпхъуитхурэ дэлъхуитIрэ иIэщ. ГъэщIэгъуэнраши, а зы унагъуэм егъэджакIуиш къыхэкIащ.

- Ди анэм сытым дежи къыджиIэрт: «ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр цIыхубзым щхьэкIэ къигъэщIами ярейщ. ПщIэ пылъщ, щIэблэр егъасэ, езыр щапхъэ мэхъу. Апхуэдэ гъуэгуанэ къыхэфхыну сфIэкъабылщ», - жиIэу. Еянэ классыр къыщызухым, Налшык къалэм дэт педагогическэ училищэм сыщIэтIысхьащ. 1985 гъэм ар къэзухри, сыщеджа Пенько-завод школым сыщылэжьэну къэзгъэзэжащ, - дыщегъэгъуазэ Мадинэ. - Си егъэджакIуэу щытахэр гуапэу къысIущIэжат. Къэзгъэлъагъуэ зэфIэкIхэр къысхуагъэдахэурэ лэжьыгъэм сытрагъэгушхуащ, сыдрагъэхьэхащ. ФIыщIэ ин яхузощI Хъупэ Мухьэдин, Багъэтыр Лидэ, Лэжьэрей Лизэ, Iухъу Фузэ сымэ. Ди унагъуэм щыщу, сэ нэмыщI, си шыпхъуитIри егъэджакIуэ хъуащ: Марьянэ Тэрч къалэм дэт прогимназие №1-м щолажьэ, Джульеттэ (Пэнагуэхэ я нысэщ) лицей №1-м (Тэрч къалэ) щрегъаджэ.

Мадинэ КъБКъУ-м пэщIэдзэ егъэджэныгъэм къыщагъэсэбэп педагогикэмрэ методикэмкIэ (ПМНО) и факультетыр 1994 гъэм къиухащ зэрылажьэм хуэдэурэ. Щомахуэр Тэрч къалэм дэт курыт еджапIэ №1-м 1989 гъэм къыщыщIэдзауэ щылажьэрт абы щыгъуэ. 2004 гъэ лъандэрэ Мадинэ Тэрч къалэм и прогимназие №1-м щолажьэ, мы гъэм езанэ классым щIэсу еджакIуэ щэщIрэ плIырэ иIэщ.

- Сабийхэм я упщIэхэмрэ жэуапхэмрэ хьэлэмэтыщэщ. ЦIыкIухэм я теплъэми гупсысэкIэми, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу, зэрызихъуэжым укIэлъыплъыну гъэщIэгъуэнщ, си дежкIэ гухэхъуэгъуэщ, - жеIэ абы. - ЦIыху куэд урихьэлIэну къыщIэкIынкъым зи япэ егъэджакIуэр зымыщIэж. Абы и пщэ къалэнышхуэ дэлъщ, сабийхэм я щIэныгъэм лъабжьэ езытыр араши. Си япэ егъэджакIуэу щытар ЛIыIэщын Тамарэщ, ар си щапхъэу егъэджакIуэ IэнатIэм сыпэрытщ. КъэкIуэнур зыухуэнухэращ ди Iэмыщ1э илъыр, абы къыхэкIыу, ахэр фIы хъуныр куэдкIэ къызэрыдэлъытар шэч зыхэмылъщ. ЕджакIуэм и ехъулIэныгъэ гуэр щыплъагъукIэ, гукIи псэкIи зыхыбощIэ уи къарур псыхэкIуадэ зэрымыхъуар, нэхъыбэжым ухущIэкъунуи утрегъэгушхуэ. СызэреплъымкIэ, аращ егъэджакIуэм и лэжьыгъэр къызэрыплъытэ хъуну пщалъэр. ЕгъэджакIуэм и IэщIагъэр нэхъ пасэрей дыдэхэм зэращыщым емылъытауэ, ноби ар мыхьэнэшхуэ зиIэщ, дызыхуейщ. Дауэ мыхъуми, ар IэщIагъэ псоми я щIэдзапIэщ.

● ЕгъэджакIуэ

ЕгъэджакIуэм и къалэным хыхьэу къыщIэкIынщ, сабийр щIэныгъэм дегъэхьэхыным къыщымынэу, абы «цIыху» къыхэкIыным зэрегугъупхъэр. Мадинэ гулъытэ хэха хуещI ныбжьыщIэхэм я гъэсэныгъэм. Зи Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, гурэ псэкIэ абы бгъэдэт лэжьакIуэр зэпымыууэ хущIокъу сабийхэм щIэныгъэ зэрабгъэдилъхьэным, егъэджэныгъэм къыхыхьэ IэмалыщIэ псори зэрызригъэхъулIэным. ЕгъэджакIуэм зэпымыууэ къегупсыс и дерсхэр щIэщыгъуэ зыщIыну, еджакIуэхэр къызэрыдихьэхыну Iуэхухэр. Дэтхэнэ сабийми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къызэрыхуигъуэтыфми къегъэлъагъуэ Мадинэ егъэджакIуэ IэщIагъэм къызэрыхуигъэщIар.

Мадинэ и еджакIуэхэр жыджэру хигъэтщ район, республикэ зэпеуэхэм икIи сыт щыгъуи абыхэм ехъулIэныгъэфIхэр къыщагъэлъагъуэ. Апхуэдэуи, бзылъхугъэр хущIокъу езыми зэрызиужьыным. Псалъэм папщIэ, 2016 гъэм ар хэтащ Тэрч районым щекIуэкIа «Илъэсым и егъэджакIуэ нэхъыфI» зэпеуэм. 2017 гъэм ехъулIэныгъэ къыщигъэлъэгъуащ «Живое литературное слово» зэхьэзэхуэм. Мадинэ егъэджэныгъэм теухуауэ и Iуэху еплъыкIэхэр щIэх-щIэхыурэ къыщегъэлъагъуэ Тэрч районым пэщIэдзэ классхэр щезыгъэджхэм я зэIущIэхэмрэ конференцхэмрэ.

АЛЪХЪО Дыжьын.

Дохутыр гумызагъэ Дэцырхъуей Таисэ

Тэрч районым и сымаджэщ нэхъыщхьэм неврологиемкIэ и къудамэ №1-м и унафэщI, категорие нэхъыщхьэ зиIэ дохутыр Дэцырхъуей Таисэ зи лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъухэм, сымаджэхэм гудзакъэ хэлъу ябгъэдэтхэм ящыщ зыщ.

КъБКъУ-м и медицинэ факультетыр 1986 гъэм къиуха нэужь, абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Къэзан къалэм. И щIыналъэм къыщигъэзэжым, абы Налшык къалэ лэжьэн щыщIидзащ. 1991 гъэм къыщыщIэдзауэ 1995 гъэ пщIондэ Таисэ Налшык къалэм и поликлиникэ №5-м неврологыу щылэжьащ. 2005 гъэм Дэцырхъуейр Тэрч районым и сымаджэщ нэхъыщхьэм неврологиемкIэ и къудамэм и унафэщI ящIащ.

- Курыт еджапIэр къызэрызухыу, хьэкъыу спхыкIат дохутыр сыхъуну сызэрыхуейр. Къапщтэмэ, си ужькIэ си шыпхъуми си дэлъхуми медицинэр къыхаха хъуащ. Си шыпхъури неврологщ, си дэлъхур ветеринарщ, - дыщегъэгъуазэ Дэцырхъуейм. - Медицинэм и лIэужьыгъуэ псоми сыдахьэхыу сыщеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Ауэ еплIанэ курсым дынэсу, неврологиер дджын щыщIэддзэм, занщIэу къызгурыIуат ар IэщIагъэу къызэрыхэсхынур. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къыщызухым, интернатурэм сыщеджэну Къэзан сыкIуащ. ИкъукIэ егъэджакIуэфIу абы къыщыспэщIэхуат Ростов къалэм щыщ профессор Дьяконовэ Иринэ. Пщэдджыжьым сымаджэщыр къызэхикIухьа нэужь, згъэщIагъуэрт пэш 15-м щIэлъ сымаджэхэм жаIа псом ятеухуауэ и Iуэху еплъыкIэхэр дохутырхэм нэгъэсауэ къахуиIуэтэжыфу зэрыщытар. Ар сэ щапхъэ схуэхъуащ.

Дэцырхъуейр Тэрч районым и невролог нэхъыщхьэщ, и лэжьыгъэм гурэ псэкIэ зэрыбгъэдэтым папщIэ мызэ-мытIэу щIыхь тхылъхэр къыхуагъэфэщащ, Тэрч районым и щIыпIэ администрацэм, УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм къабгъэдэкIыу. Дохутырыр хущIокъу и щIэныгъэм хигъэхъуэну. Ар щIэх-щIэхыурэ Москва, Санкт-Петербург къалэхэм Iэзагъым щыхагъахъуэ курсхэм макIуэ.

Дэцырхъуейм дыщигъэгъуэзащ псантхуэ узыфэхэр яIэу закъыхуэзыгъазэм и бжыгъэр зэрыкуэдым, уеблэмэ сымаджэщым ягъэгъуэлъынухэр мазэ и пэкIэ тхауэ зэраIэр. Дохутырым зэрыжиIэмкIэ, гугъуехь нэхъыбэр къызыхэкIыр цIыхухэр я узыншагъэм зэрыкIэлъымыплъыжырщ, узыфэхэр зэрыхагъэтIасэрщ - энцефалопатие (щхьэ куцIым къыщыхъу узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэреджэращ) зиIэхэр, инсульт нэужьым зызыгъэхъужхэр - куэд мэхъу сымаджэщым и неврологие къудамэм екIуалIэхэр. «Иджыблагъэ сымаджэ хьэлъэ диIащ. Полирадикулоневрит е Гийена-Барре и узыфэ жыхуаIэм цIыхубзхэр щрисымаджэр закъуэтIакъуэрэщ. Апхуэдэ уз иIэу цIыхубз щIалэ ди сымаджэщым къытхуашати, Тхьэм и шыкуркIэ, абы къеузыр къэтхутэри, ди зэфIэкIым къызэритIасэкIэ деIэзащ. ИужькIэ Республикэ клиникэ сымаджэщым едгъэшащ, адэкIэ къыкIэлъыплъыну», - жеIэ Дэцырхъуейм.

Дохутырым доупщI и лэжьыгъэмрэ и унагъуэмрэ и къарур зэрахурикъум.

«Си щIалэр зэзэмызэ фIэфIщ гушыIэу къызэхъурджэуэну: «Мамэ, апхуэдизкIэ уи лэжьыгъэр фIыуэ уолъагъури, дэ щхьэкIэ зэман къыпхуэнэжыркъым», - жиIэу». Езым экономист, юрист IэщIагъэхэр зригъэгъуэтащ, полицэм къулыкъу щищIэну и мурадщ. Къуэрылъху цIыкIу сиIэщи, абы си псэр хэлъщ, - дыщIегъу Таисэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Псалъэжьхэр

Нысэ мыхъунур жьантIажэ мэхъури, мафIэ мыхъунур ищхьэм щолыд

♦ХабзэмыщIэ емыкIухьщ.
♦Дыщэ унэ нэхърэ - ди унэжь.
♦Банэ хуэдэ зэхэплъхьар данэ хуэдэу зэхэпхыжынщи, данэ хуэдэ зэплъхьар банэ хуэдэу зэхэпхыжынщ.
♦Нэмыс пщIымэ, уи щхьэщ зыхуэпщIыр.
♦Напэ зимыIэм дзажэпкъ иIэщ.
♦Бзури и абгъуэ щытепщэщ.
♦Бзаджэ гъусэм мысэ уещI.
♦Гунэс ямыщI саугъэт умыщI.
♦Зы Iэм кIапситI зэпищIэркъым.
♦КхъуафэкIитIыр зэдэзыIыгъыр псым ехь.
♦Нысэ мыхъунур жьантIажэ мэхъури, мафIэ мыхъунур ищхьэм щолыд.
♦Пагэм и блыпкъ-блащхьэ къутэгъуафIэщ.

Щыпкъагъэ зыхэлъ пщащэ дахэ

Налшык къалэм жэпуэгъуэ мазэм щекIуэкIа «Королева Кавказа» лъэпкъ фестиваль-зэхьэзэхуэм «Гуащэнэ тхьэIухуд» цIэр къыщыхуагъэфэщащ Блий Каринэ.

ХЪЫДЖЭБЗЫР Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и етхуанэ курсым щоджэ, апхуэдэуи мы гъэм щIэтIысхьащ Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым дизайн IэщIагъэм щыхуеджэну. Блийр илъэс етIуанэ хъуауэ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и ЩIалэгъуалэ советым хэтщ, экономикэмкIэ и къудамэм и унафэщIщ.

- Си анэр, Зыхьэхэ Оксанэ, Аруан районым ЩэнхабзэмкIэ и унэм и унафэщIым и къуэдзэу мэлажьэри, сэри абы къызэригъэпэщ Iуэхухэм сыдахьэхыу, зэхыхьэ зэхуэмыдэхэр и гъусэу согъэхьэзыр, - жеIэ Каринэ. - «Королева Кавказа» фестивалыр зэрекIуэкIынур щызэхэсхам, сфIэгъэщIэгъуэн хъуат абы си къару сыщеплъыжыну, ауэ си анэр арэзытэкъым. Иужьым зэпеуэр лъэпкъ хабзэхэм тегъэщIауэ зэрыщытыр щыжаIэм, тезгъэчыныхьащ.

Каринэ гукъинэж щыхъуащ фестивалым и къызэгъэпэщыкIэри щилъэгъуари. ЗэрыжиIэмкIэ, зэпеуэм хэта пщащэхэм зыр адрейм и хьэрхуэрэгъуу замылъытэу, зэгурыIуэу, зэныбжьэгъуу къызэдекIуэкIащ. «ЯпэщIыкIэ си гугъащ зыхэзыIэтыкI гуэрхэр къытхэкIыну, ар си жагъуэт. АрщхьэкIэ занщIэу зым адрейр игу къыдыхьащ, куэд щIауэ дызэрыцIыхуу фIэкIа умыщIэну. Къапщтэмэ, иджыпстуи дызэрощIэ», - жеIэ Блийм.

«Королева Кавказа» зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цIыхуибл хэтащ, адрейхэр Ставрополь крайм, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Дагъыстэн, Абхъаз республикэхэм къикIащ.

Каринэ япэ увыпIэр къызэрылъымысар и жагъуэ хъуркъым, зэпеуэм и пэм щегъэжьауи зыщIэхъуэпсар «Гуащэнэ тхьэIухуд» цIэр араши. «Королева Кавказа» фестивалыр Iыхьищу гуэшауэ щытащ. ТхьэIухудхэм я зэфIэкIыр щагъэлъэгъуа Iыхьэм Блий Каринэ уэркъ къафэр щигъэзэщIащ, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и къэфакIуэ Мэшыкъуэ Руслан и гъусэу. Къафэр игъэхьэзырынымкIэ хъыджэбзым щIэгъэкъуэн къыхуэхъуащ гупым и унафэщI Атэбий Игоррэ Къуэныкъуей Иринэрэ.

ЕтIуанэ Iыхьэм хъыджэбзхэр щызэхьэзэхуащ «Гуащэнэ» цIэр къахьыным теухуауэ. Хъыджэбзхэм я Iуэхур мащIэу ящигъэпсынщIагъэнущ иджыблагъэ траха «Гуащэнэ. Пащтыхь гуащэм и гъуэгур» фильм кIэщIым зэрырагъэплъам (режиссёр-сценаристыр Къамбий Амирщ).

- А Iыхьэм сэ сыщытепсэлъыхьащ унэишэм епха хабзэм, апхуэдэуи модельер ХьэцIыкIу Мадинэ и лъэпкъ фащэр си щапхъэу, ар зэрызэхэлъым, дыщэидэр къызэрагъэсэбэпу щытам, нэгъуэщIхэми къэпщытакIуэхэр щызгъэгъуэзащ. КъищынэмыщIауэ, адыгэ шхыныгъуэхэми ящыщхэм сытепсэлъыхьащ. Сызыхэта Iуэхур гукъинэж сщызыщIар абдеж цIыху гуапэ икIи цIэрыIуэ куэд къызэрыщысцIыхуарщ: Дэхъушокъуэхэ Мадинэрэ Каринэрэ (фестивалым и къызэгъэпэщакIуэхэр), «А-продакшн» IуэхущIапIэм и унафэщI, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и студент Къамбий Амир. Ахэр я ныбжькIэ щIалэми, иджырей зэманым узэрыдекIун Iуэхухэр къызэрызэрагъэпэщыфым уегъэгушхуэ, - жеIэ Блий Каринэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Альбинэ и гуащэхэр

Зэманыр IуэхукIэ зыгъэнщIыфхэм ящыщщ Таучэ (Щомахуэхэ япхъущ) Альбинэ. Ар Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ, и IэщIагъэкIэ бухгалтерщ, ауэ IэпщIэлъапщIагъэм дихьэхауэ, хьэпшып хьэлэмэт куэд ещI.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, илъэсым щIигъуауэ Альбинэ щэкIым гуащэ цIыкIухэр къыхещIыкI. Я теплъэкIэ ахэр зэщхькъым. Гуащэ цIыкIухэр хъыджэбзым и нэгу къызэрыщIыхьэм хуэдэу ещI, ауэ къохъур абыхэм я теплъэр къыщIэупщIэхэр зэрыхуейм хуэдэу (ящитIэгъэну фащэмрэ я щхьэцым и плъыфэхэмрэ зыхуэдэнур къыжраIэмэ) щахуиди. ТIум щыгъуэми, гуащэр сабийхэр зыщыгуфIыкIщ, тыгъэ гуапэщ.

Абы къищынэмыщIауэ,

Таучэм адыгэ фащэм и пкъыгъуэ щхьэхуэхэри - бгъэIулъымрэ бгырыпхымрэ - тхыпхъэ дахэхэмкIэ хедыкI. Ари зэрымыщIэкIэ къехъулIа Iуэхущ цIыхубзым. «Зыгуэр къызэлъэIуат и бостейм тхыпхъэ хухэздыкIыну. Сэри щIэ гуэр къэсщIэну сфIэхьэлэмэтти, селэжьащ, арэзы сыхъуху. Си IэдакъэщIэкIыр ягу щрихьым, хэдыкIым езыр-езыру нэхъ кууэ зыхэзгъэгъуэзащ. Ари IэщIыб сщIыркъым, зэман-зэманкIэрэ тхыпхъэхэм солэжь», - жеIэ Альбинэ.

Зы щэху хэлъщ цIыхубзыр дэзыхьэха IэщIагъэм щIэдзапIэ хуэхъуам. «ЛэжьапIэм тхылъымпIэ плIимэ цIыкIу зэмыфэгъу куэд щызэтрихьати, ауэрэ сыгупсысэн щIэздзащ: сыту пIэрэ мыбыхэм дахэу, къэсэбэпыну къахэпщIыкI хъунур, жысIэу. Интернетым къиздзыкIащ «оригами» гъуазджэ лIэужьыгъуэр зищIысымрэ ар къызэрыбгъэсэбэпынумрэ. А IэмалымкIэ (тхылъымпIэ зэпылъхэмкIэ) псэущхьэ, хьэпшып гуэр «къыбогъэщIыф». Пэжыр жыпIэмэ, лэжьапIэм сызэрыщIэсым хуэдэу, цIыхухэм я лъэIукIэ пщIэкIэ щахуэсщIаи щыIэщ. СфIэфI къудей мыхъуу, мыпхуэдэ Iуэху гуэрхэм ущелэжькIэ зэрызыбгъэпсэхум, ущIэгузавэ гуэр зэрыпщхьэщихым мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ», - жеIэ Альбинэ.

ЦIыхубзыр хуэIэкIуэлъакIуэу къыщIэкIащ хьэпIацIэщыгъэхэмкIэ жыг щхъуэкIэплъыкIэхэр щIынми квиллингми (тхылъымпIэ IуэнтIахэм хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыхащIыкIырщ). ГъэщIэгъуэн гуэрым

зэпымыууэ хуеIэ бзылъхугъэм и IэщIагъэми и насыпми хэхъуэну ди гуапэщ.

ДЖЫЛАХЪСТЭН Синэмис.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар **БАГЪЭТЫР Луизэщ**.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ЦIыхум нэхърэ нэхъ лъапIэ щыIэкъым

Къэрал Думэр куэд мыщIэу хэплъэнущ уэрамхэм, тыкуэн щIыхьэпIэхэм, бээзрхэм, гъуэгухэм, н. къ. щылъаIуэ цIыхухэм административнэ жэуап зэрырагъэхьынур зыгъэбелджылы хабзэм. Депутатхэр абы арэзы техъуэмэ, апхуэдэхэм ирагъэпшын къуэдыр куэдкIэ нэхъыбэ хъунущ. Нэхъыщхьэращи, цIыху дэхуэхахэр ягъэлъаIуэу зыгъэлажьэхэр тутнакъэщым ирадзэну хуит зыщI статья Уголовнэ кодексым иратхэн хуейуэ къыхалъхьащ депутатхэм.

НАЛШЫК къалэр къэтщтэнци, тыкуэнышхуэ щIыхьэпIэхэм, бээзр дыхьэпIэ-дэкIыпIэхэм, «Кавказ» федеральнэ гъуэгум щыщу «Дубки» бээзрым хуэзэм махуэ къэси щыболъагъу я Iэр шияуэ тес никъуэдыкъуэхэр, сабий зыIыгъ бзылъхугъэ щIалэхэр. Абыхэм тхылъымпIэ кIапэ щаIыгъ къохъу къыздикIам зэрыкIуэжын ахъшэри документхэри яфIэкIуэдауэ е хущхъуэ лъапIэм пэмылъэщу жаIэу тратхауэ. Ар зэрыпцIыр гурыIуэгъуэщ, ауэ никъуэдыкъуэми сабийми уаблэкIыфыркъым зыгуэр яхуумышийуэ.

Къэрал Думэм Лъэпкъхэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Рашкин Валерий зэрыжиIащи, зи щхьэ къыщхьэщымыжыжыфхэр ягъэлъэIуэныр щIэпхъаджащIэхэм хьэрычэт зэращIэ Iуэху хъуащ. «Псом хуэмыдэу гу ялъыттэн хуейщ сабий зыIыгъыу лъаIуэ цIыхубзхэм, сыту жыпIэмэ ахэр (сабийхэр) бэджэнду къыщацтэ, уеблэмэ къыщадыгъу къохъу. Сабийр мыгъын щхьэкIэ фадэ е афиянхэкI ирагъафэ. Апхуэдэ сабийхэр мазищхым къриубыдэу малIэ», - жиIащ депутатым.

Мыр уэрам псалъэкъым, Къэрал Думэм щыжаIауэ аращи, гурыIуэгъуэщ лъаIуэхэм я Iуэхум гузэвэгъуэ куэд зэрыпыщIар, умыщIэххэу ар къыплъэIэсынкIэ зэрыхъунур.

Сабий кIуэдахэр къэзылъыхъуэ гуп зыбжанэ щыIэщ ди къэралым. Абыхэм язщ Алерт Лизэ и фэеплъу къызэрагъэпэщар. А хъыджэбз цIыкIур ядыгъури яукIауэ щытащ. Мы лъыхъуакIуэ гупым и унафэщIым зэрыжиIэмкIэ, 2018 гъэм сабий 1060-м теухуа лъэIу тхылъ адэ-анэхэм къатхати, абыхэм ящыщу 943-р къагъуэтыжащ, 72-м я хьэдэращ ялъагъужар, 45-р лъэужьыншэу кIуэдащ.

Урысей МВД-м къит бжыгъэхэр нэхъ Iеижщ. Илъэс къэс Москва лъэужьыншэу сабий зы миным щIигъу, къэралыр зэрыщыту къапщтэмэ, мин 15-20 щокIуэд. Ар Iуэхушхуэ зэрыхъуаращ накъыгъэм и 25-р Сабий кIуэдахэм я международнэ махуэу щIагъэувари.

Балигъхэм я дежкIэ дгъэзэжынщи, Москва, нэгъуэщI къалэшхуэхэм яIэщ къэралым ей, къинэмыщIауэ, жэрдэм зыхэлъ цIыхухэм къызэрагъэпэщауэ лажьэ IуэхущIапIэхэр. Абыхэм документ зыфIэкIуэдахэм щIэрыщIэу къыхудахыж, унэм зэрыкIуэжын ахъшэ ират, щхьэегъэзыпIэ зимыIэм лэжьыгъэрэ пIалъэкIэ щыпсэунрэ къыхуагъуэт. Ауэ ар яхузэфIэкIыркъым мылъкукIэ хуэмыщIа щIыпIэхэм. Аращи, апхуэдэхэм щобагъуэ лъаIуэу уэрамхэм тесхэр. Абы щыгъуэми, фадэ е афиянхэкI фIэкIа нэгъуэщI зы соми трамыгъэкIуадэу ахэр «хьэрычэтыщIэхэм» ягъэлажьэ.

Унафэ пыухыкIа имыгъуэтынкIэ Iэмал имыIэу, къэралым куэд щыхъуащ лъаIуэхэмрэ унэншэу уэрамым къыдэна цIыхухэмрэ. Япэхэм я Iуэхур Къэрал Думэм щынэсакIэ, абы зыгуэр къыпэкIуэнущ. ЕтIуанэращи, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ цIыхур дэмыхуэхами, ар цIыхущи, махуэм зэ нэхъ мыхъуми щышхэн, жэщым нэху къыщекIын иIэн зэрыхуейр хьэкъщ. Хьэ хьэулейхэм егъэзыпIэ щаIэщ къалэхэм я нэхъыбэм, ветеринархэр щакIэлъыплъу, щагъашхэу, уеблэмэ къэзыщтэнкIэ хъун унагъуэхэр къыщыхуалъыхъуэу. ЦIыхур-щэ?!

Ди къэралым и иужьрей ехъулIэныгъэхэм ящыщщ КъуэкIыпIэ жыжьэ федеральнэ университетыр. Абы щагъэхьэзыр бжыгъэм тещIыхьа экономикэм зезыгъэужьыфыну IэщIагъэлIхэр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, технологием теухуауэ ди гъащIэм щIэуэ къыхыхьэхэр, дяпэкIэ ди Iэпэгъу хъунухэр къэзыгупсысхэр. Ахэращ «унэ Iущым» фIэкIыжауэ, «къалэ Iущхэр», цIыхухэм я пIэкIэ лажьэ «акъыл IэрыщIхэр», нэгъуэщI куэдри щыIэкIэ-псэукIэм щыщ зыщIхэр.

Студентхэр зыхуеину псори щызэгъэуIуа щIыпIэр зы къалэ цIыкIу хуэдиз мэхъу. Ар щаухуар Русский хытIыгуращ. ЗэрыжаIэщи, цIыхуIэ здынэмыса щIыналъэр иджы щIэращIэщ, щIэныгъэм и нурымрэ зи щIалэгъуэхэм я зэфIэкIымрэ игъэнэхум хуэдэу.

«Бжыгъэм» дыхуэкIуэну дыхьэзыр?

УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым Правительствэм, абыкIи зэфIэмыкIынумэ-Президентым зыхуигъэзэнущ илъэсыщIэм щыщIэдзауэ аналог ТВ щымыIэжыну зэрыжаIэм теухуауэ.

УРЫСЕЙМ ЗэпыщIэныгъэмкIэ и министерствэм къызэритымкIэ, 2019 гъэм ди къэралыр хуэкIуэнущ бжыгъэм и Iэмалым: цIыхухэм телеканал 20-рэ радиоканали 3-рэ уасэ щIамыту къаIэрыхьэнущ. А псор хъарзынэт, ауэ аналог телевиденэр илъэсыщIэ махуэхэм яужькIэ паупщIынущи, цIыху мини 100-м нэхърэ нэхъ мащIэ зыщыпсэу къалэхэр (къуажэхэм я гугъу тщIыххэркъым) телевизорыншэу къэнэнущ.

«Бжыгъэм» къыдэкIуэнкIэ хъуну гугъуехьхэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ ФедерацэмкIэ Советым. Абы зэрыщыжаIамкIэ, «УФ-м 2009 - 2018 гъэхэм телеэнтыным зыщегъэужьын» программэр ягъэзэщIащи, федеральнэ бюджетым къыхэкIыу аналог телевиденэм ахъшэ трагъэкIуэдэжынукъым икIи 2019 гъэм щIышылэм и 10-м ар паупщIынущ. ИкIэщIыпIэкIэ зэфIахын хуей Iуэхуит I къыздишащ а Iэмалыщlэм: япэрауэ, бжыгъэ эфир нэтыным пымыщIауэ унагъуэ мин 800 къэнэнущ (Урысей Федерацэм щыпсэум и процент 1,4-рэ); етIуанэрауэ, форматыр зэрахъуэжыр зэранышхуэ яхуэхъунущ щIыналъэ телеканалхэм, Урысейм апхуэдэу иIэщ 70. Аналог теленэтыныр паупщIмэ, щIыпIэ телевиденэхэр лэжьэжыфынукъым.

ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ жиIащ депутатхэри щIыналъэм я унафэщIхэри мы Iуэхум зэригъэгузавэр. «Мыбы цIыхухэр игъэгубжьынущ. Iуэхур зыгуэрурэ зэгъэзэхуэн хуейщ», - жиIащ Матвиенкэ.

Абы сенаторхэм унафэ яхуищIащ Правительствэм зэрызыхуагъэзэну тхыгъэр ягъэхьэзырыну. «СызэреплъымкIэ, УФ-м и хэгъэгухэм хабзэкIэ щIэгъэбыдауэ Iэмал еттын хуейщ бжыгъэ къэгъэлъэгъуэкIэм тет телевизорыщIэ къэзымыщэхуфыну унагъуэшхуэхэмрэ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ зэрадэIэпыкъун ахъшэ я бюджетхэм хагъэхьэным теухуауэ», - къыхигъэщащ УнафэщIым.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, фи телевизорым «А» хьэрфыр каналым и логотипым бгъурыту тетмэ, ар «аналог» жыхуаIэм хуэдэу аращи, фыкIэлъыплъ щIэн хуейм теухуауэ къат хъыбархэм.

Соррентэ егъэзэж

Италием и Соррентэ къалэм и Викторие утыкум къыщызэIуахащ Горький Максим и фэеплъ, тхакIуэр къызэралъхурэ илъэси 150-рэ зэрырикъуар ирырагъэлъапIэу.

МЫ Iуэхур къызэрагъэпэщащ Соррентэ къалэм и унафэщIхэм, «Лъэпкъ литературэхэм я унэ» Фондым, РАН-м дунейпсо литературэмкIэ Горький Максим и цIэр зезыхьэ и Институтым, Италием и Посольствэу Урысейм щыIэм.

Дунейм щыхъыбархэм мыр къащIыхэсхар псалъэ къызыхуэзмыгъуэтыф политикхэм елъытамэ, лъэпкъхэр зэзышэлIэну, къэралхэм яку гуапагъэ дэзылъхьэну хэт цIыхухэм ящIэм гулъытэ хуэфащэу къызэрыслъытэрщ.

Соррентэ къалэм и Iэтащхьэ Куомэ Джузеппэ жеIэ Горький Максим и фIыщIэкIэ Урысейр куэдым къызэрацIыхуар, я къалэри дунейпсо литературэм и тхыдэм зэрыхэхуар.

Фигу къэзгъэкIыжынщ: Горький Максим Соррентэ щыпсэуащ 1924 - 1933 гъэхэм. Абы и пэкIэ - Капри (ари Соррентэ пэжыжьэкъым). ТхакIуэм жиIэу щытащ Италиер егъэлеяуэ фIыуэ зэрилъагъур, абы къыхуищIар зэи зэрыщымыгъупщэнур.

Езыри итальянхэм ящыгъупщэркъым. Абы и щыхьэтщ Соррентэ и мэриер илъэс куэд хъуауэ РАН-м дунейпсо литературэмкIэ и Институтым къызэрыдэлажьэр. Гъэ къэс абыхэм зэгъусэу Соррентэ щрагъэкIуэкI тхакIуэм и фэеплъ зэIущIэхэр. Мы къалэм и зы уэрамым зэрехьэ Горький Максим и цIэр.

Фэеплъ ящIынымрэ ягъэувынымрэ текIуэдэнур зи пщэ дэзылъхьэжар Каримов Тимербулатщ - «Лъэпкъ литературэхэм я унэ» Фондыр зезыгъакIуэ советым и унафэщIым, урысей хьэрычэтыщIэм. Абы фIы куэд ещIэ урыс литературэр дуней псом къыщацIыхуным теухуауэ. Фэеплъыр зи IэдакъэщIэкIыр Урысейм и цIыхубэ сурэтыщI Рукавишников Александрщ.

Мыри гъэщIэгъуэнщ. Италием и жэрдэмщ Горький Максим и цIэр 2018 - 2019 гъэхэм ЮНЕСКО-м дуней псом щигъэлъэпIэну цIыху цIэрыIуэхэм ящыщ зэрыхъуар. Фигу къэдгъэкIыжынщ: Горькэр 1868 гъэм гъатхэпэм и 28-м къалъхуащ. Абы къикIращи, къэрал куэдым щагъэлъэпIэнущ ар къызэралъхурэ илъэси 150-рэ зэрырикъур. ГъэщIэгъуэнщ Италием и курыт еджапIэхэм я программэм урысей тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэри зэрыхэтыр.

Псалъэм къыдэкIуэу жысIэнщи, щэкIуэгъуэм и 10-м Люксембург и къалэ Мондорф-ле-Бен Гагарин Юрий и бюст щагъэуващ, Урысей Федерацэмрэ Люксембургрэ щэнхабзэ, щIэныгъэ IуэхухэмкIэ зэдэлэжьэну зэращIылIа зэгурыIуэныгъэр мы гъэм илъэс 25-рэ зэрыхъуар ирырагъэлъапIэу.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШИРДИЙ Маринэщ.

КъалитIыр зэпызыщIэну гъуэгу

Владикавказрэ Мэздэгурэ зэпызыщIэну гъуэгу яухуэу щIадзэнущ 2019 гъэм. Абы федеральнэ бюджетым щыщу сом зы мелардрэ мелуани 7-рэ текIуэдэнущи, мелуан 333,6-р етIанэгъэ Осетие Ищхъэрэм къыIэрыхьэнущ.

КИЛОМЕТР 61-рэ яухуэн хуейщ, мы къалитIыр зэпащIэн папщIэ. Республикэм дежкIэ мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ Мэздэгу уикIыу Владикавказ уззрыкIуэ гъуэгу щыIэкъым, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Ингушымрэ я щIыналъэм упхыкIын хуейщ абы щхьэкIэ.

Абы щыгъуэми, республикэм и къалащхьэм зыужьыныгъэ игъуэтамкIи цIыху бжыгъэу щыпсэумкIи къыкIэлъыкIуэр Мэздэгущ (мин 40 щопсэу).

КъызэрыщIэкIымкIэ, республикэм и унафэщIхэр илъэс 20 хъуауэ яужь итщ мы Iуэхур Москва щыпхагъэкIыным, иджы ар къайхъулIащи, цIыхухэм я тыншыгъуэмкIи къалитIым нэхъри заужьынымкIи мыхьэнэшхуэ иIэнущ.

Псэущхьэми, псыми, щIыми

зэран яхуэхъу пластик бащырбэхэр ядэжынукъым

Пластикыр къыщIэзыгъэкI къэралхэр зэгурыIуащ илъэситхум къриубыдэу ар щагъэтыну, хьэпшыпрэ шхыныгъуэрэ кIуэцIалъхьэу, иракIэу щыIэр щIыуэпсым тыншу «хуэгъэткIун» гуэркIэ зэрахъуэкIыну.

МЫ Iуэхур къэзыIэтар инджылыз яхтсменкэ цIэрыIуэ, дунейпсо рекорд зыгъэува Макартур Элленщ. «2050 гъэм ирихьэлIэу хым пластикыу хэлъыр бдзэжьейуэ хэсым нэхърэ нэхъыбэ хъунущ. Ауэ абыи нэмысу цIыхуцIэ зиIэр гугъуехь хэхуэнущ: пластикыр цIыхухэм зыщагъэпсэху хы, тенджыз Iуфэхэм къэсынущ, псы ежэххэм хэз хъунущ», - щетх Эллен пластик къыщыщIагъэкI къэралхэм я унафэщIхэм зэрызахуигъазэ письмом.

IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, хым кIэрыхубжьэрыху зэкIэрыпщIауэ тонн триллионитху щос (бдзэжьей къызэраубыд хъым къыщыщIэдзауэ хьэфэ лъапэпыIум и деж щыщIэкIыжу). Абы къинэмыщIауэ, гъэ къэс псым хехьэ пластикым къыхэщIыкIа бащырбэу, н.къ. тонн мелуаний.

- Псы Iуфэхэр дгъэкъэбзэн зэрыхуейр, абы мыхьэнэуэ иIэр фIыуэ къыдгуроIуэ, - жеIэ Эллен, - ауэ а пластикыр къыщежьэм дынэмысмэ, абы унафэ хуэдмыщIыфмэ, щIыри псыри куда хъунущ, цIыхухэмрэ псэущхьэхэмрэ я узыншагъэм къегуауэу.

Бзылъхугъэмрэ абы къыкъуэувахэмрэ емызэшыжу зэрахуа Iуэхум къыпэкIуаращи, международнэ компаниеу, правительствэхэм я IуэхущIапIэу 250-рэ, абы Франджымрэ Инджылызымрэ я правительствэхэри хэту, Iэ щIадзащ пластикым къыхэщIыкIахэм щIыуэпсыр емыгъэуцIэпIынымкIэ зэгурыIуэныгъэм.

ООН-м къилъытащ щIыуэпсыр хъумэным теухуауэ компаниехэмрэ правительствэхэмрэ зэрызэгурыIуам уасэ хуэщIыгъуейуэ. А зэгурыIуэныгъэм къыпэкIуауэ жыпIэ хъунущ Европарламентым иджыблагъэ къыщащта унафэр: зэ фIэкIа къамыгъэсэбэп хьэкъущыкъур, фастфуд зралъхьэр, пакетхэр, уеблэмэ бжьэхуц дискыр афIэкIа къыщIагъэкIынукъым.

Сыт атIэ а псом я пIэ къиувэнур? Куэд къагупсысащ абы теухуауэ. Псалъэм папщIэ, Швецием и университетхэм я зым щеджэ Понтус Тернквист промышленнэ дизайнымкIэ дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм лэжьыгъэ гъэщIэгъуэн утыку къыщрихьащ. Абы и гупсысэр зыхуэкIуар къызэрыгуэкIщ: кIэртIоф крахмалрэ псырэ зэхэлъу ягъэхуабэ, шатэм хуэдэу Iув хъуху. ИтIанэ формэ гуэрхэм иту аргуэру ягъэхуабэри быдэ ящI. Абы сыти къыхэпщIыкI хъунущ, къапщтэмэ, «кIэртIофым» къыхэщIыкIа сэрэ гуахъуэрэ щIалэм къыздихьат. Уеблэмэ узыхуей плъыфэ пхуетынущ а хьэкъущыкъухэмрэ бащырбэхэмрэ. Нэхъыщхьэращи, мазитIым къриубыдэу ахэр щIыми псыми яхуогъэткIу. ЩIалэм и Iуэхур зэтриублэфын щхьэкIэ швед крон мин 22-рэ иратащ.

Польшэм къыщагупсыса биоматериалыр щIыгъэпшэру къэбгъэсэбэп, уеблэмэ ерыскъыр зэрылъыр, зэрытыр пшхым дэбгъакIуэ мэхъу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ЕС-м хэт къэралхэм 2021 гъэм щыщIэдзауэ къыщыщIагъэкIыжынукъым пакетхэмрэ зэ фIэкIа къамыгъэсэбэп хьэкъущыкъухэмрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым Китайм и мылъкуи хэлъу щаухуэну «Этана» заводым пластик бащырбэ къыщыщIагъэкIынущ, узэфэ хъун псы щракIэнущ. Псым щIэупщIэшхуэ иIэну къыщIэкIынщ, ари пластик бащырбэ имытмэ. Ауэ япэм теухуауэ дунейм щIэуэ щекIуэкIым дыкъыкIэрымыхуну пIэрэ?

Налшыкыпсым мыпхуэдэ теплъэгъуэ си нэгу щыщIэкIащ махуэ зыбжанэкIэ: псыр IэрыщIу къаIэтащи, дахэу къох, и макъ къудейм псэхугъуэ къуиту, ауэ ар зыхэлъэдэж архъуанэм псыIэфI зэрыта бащырбищ «къыщофэ». Ахэр архъуанэм щикIар псыр къиууэ езыр-езыру зигъэкъэбзэжа нэужьщ.

Мы гъэм Испанием и хы Iуфэм кашалот лIа къыIуидзащ, абы и лъатэм илъу къыщIэкIащ пластик килограмм 29-рэ. ГурыIуэгъуэщ Европэр щIэгузавэр.

Хъуэхъу

Къулъкъужын Ипщэ къуажэм щыпсэу Къардэн Алан Мухьэмэт и къуэм щэкIуэгъуэм и 17-м къыщалъхуа махуэр егъэлъапIэ, ар илъэси 10 ирокъури, ди гуапэу дохъуэхъу

Дунейр зэтезыIыгъэр, лъапIэныгъэ, беягъ нэхъыщхьэр щIэблэрщ. Ди ныбжьыщIэ гъэфIэныр уузыншэу балигъ гъащIэм ухэбэкъуэну, щIылъэ щхъуантIэм лъэ быдэкIэ утетыну дынохъуэхъу. Ноби хуэдэу, дунейр уи щIэщыгъуэу, уи пщIэр лъагэрэ уи псэр къабзэу, щIэныгъэрэ IэщIагъэкIэ уцIэрыIуэу, уи нэхъыжьхэм я жьауэм ущIэту, укъэзылъхуахэмрэ къыбдалъхуахэмрэ уэркIэ гушхуэу гъащIэ кIыхь къэбгъэщIэну, насыпым я нэхъ лъапIэмрэ я нэхъ дахэмрэ къохъулIэну ди гуапэщ!

ШЫДЖЫНЭХЭ Валерэ, Земфирэ, я къуэ Тамерлан.
Джэрмэншык къуажэ

Футбол

Зэлэжьын я куэду зэхьэзэхуэр зэпагъэу

«Спартак - Налшык» (Налшык) - «Академия» (Дон Iус Ростов) - 0:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. ЩэкIуэгъуэм и 11-м. ЦIыхуи 100 еплъащ.

Судьяр: Иванников (Ставрополь).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Лелюкаев, Ольмезов, Белоусов, КIэдыкIуей, Машэжь, Салахетдинов (Талабкэ, 80), Михайлов (Iэпщацэ, 33), Мэшыкъуэ Хь. (Ашу, 59), Бацэ (Мэшыкъуэ И., 46), Бажэ.

«Академия»: Воронин, Обрезков (Аладьин, 64), Федотов, Савин, Далиев, Кормишин (Шульженкэ, 78), Губочкин, Донсков, Орлов, Кузнецов, Крюков (Чернов, 54).

Топыр дигъэкIащ: Кормишиным, 63 (0:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Iэпщацэм.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2018 - 2019 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэр гъатхэ пщIондэ зэпагъэуащ. Абы и пэ къихуэу щэкIуэгъуэм и 11-м щыIа зэIущIэм къигъэлъэгъуащ зэрызагъэпсэхуну мазиплIым къриубыдэу «унэ лэжьыгъэ» куэд «Спартак-Налшыкым» зэриIэр. Ар къазэрехъулIэм елъытащ ди щIалэхэр адэкIэ зэпеуэм зэрыхэтыфыну щIыкIэр.

Мы гъэм иужьу и стадионым щригъэкIуэкI зэIущIэр гуIэфIтещIэж хъуну щыгугъырт «Спартак-Налшыкым» щыджэгухэри къадэщIхэри. Абы папщIэ Iэмал псори щыIэ хуэдэт - ди хьэщIэр иджырей зэхьэзэхуэм зэ закъуэ фIэкIа щытемыкIуэфауэ турнир таблицэм и иужь дыдэ увыпIэр зыIыгъ Дон Iус Ростов щыIэ, Понедельник Виктор и цIэр зезыхьэ футбол академием и футболист ныбжьыщIэхэрат. АрщхьэкIэ...

АдэкIэ къикIуэтыпIэ зимыIэ ростовдэсхэр хэгъэрейхэм ерыщу къапэуващ. «Спартак-Налшыкым» и дэтхэнэ ебгъэрыкIуэныгъэми абыхэм хуэфщэн жэуап иратыжырт. ЗыхъумэжыныгъэмкIи ядэбгъуэн щыIэтэкъым икIи фIэщщIыгъуейт Налшык къэкIуар иужь дыдэ увыпIэм щыт командэрауэ.

Пэжщ, ди щIалэхэм Iэмал гъуэзэджэ куэд яIащ бжыгъэр къызэIуахынуи, текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэнуи. АрщхьэкIэ абыхэм сыт я мыхьэнэ, Iуэхур и кIэм яхунэмыгъэсамэ?! Бажэ Амири, Мэшыкъуэ Хьэчими, Бацэ Къантемыри, Машэжь Ратмири, адрейхэри мызэ-мытIэу къыхэжаныкIыфын хуеящ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, а махуэм абыхэм ящыщу зыми и насып къикIакъым. Уеблэмэ, топыр хьэщIэхэм я гъуэм и пкъом техуэу къыщигъэлъеижаи къэхъуащ.

Налшыкдэсхэм я Iуэхур къыщимыкIым, хьэщIэхэм кърагъэлъэгъуащ абы и Iэмалыр: зэуэзэпсэу къебгъэрыкIуэри, мы зэпеуэм етIуанэ текIуэныгъэр къащыхуэзыхьа топ закъуэр къыхудагъэкIащ.

«Спартак-Налшыкыр» зи хьэрхуэрэгъухэр щытыкIэ гугъум къизыш командэ хъуауэ фэ тетщ. Мазэ ипэкIэ Ставрополь щыIэу щIыпIэ «Динамо»-м бжыгъэшхуэкIэ зыкъыхригъэгъащIэри, ар иужь увыпIэм къришащ. ХьэлэмэтрАщи, абы ипэкIэ хэгъэрейхэр зэ текIуауэ арат. Мис аргуэрыи «Академия»-м Налшык очкоищ щызыIэригъэхьауэ кIэух увыпIэр егъгынэ.

Мылъкур къызэремэщIэкIым къыхэкIыу, къалэн пыухыкIа зэхьэзэхуэм щызимыIэ «Спартак-Налшыкым» и дежкIэ шынагъуэ гуэр пылъкъым щIэх-щIэхыурэ къызэрыхагъащIэм. Абы щыгъуэми, иужь дыдэ увыпIэм щыт командэхэм нэхъ мыхъуми я стадионым щытекIуэну дыщыгугъ хъуну къыщIэкIынт.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ щэкIуэгъуэм и 11-м зэхэта джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Урожай**» (Краснодар) - «**Краснодар-3**» (Краснодар) - **1**:**1**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **2**:**1**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **0**:**1**, «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Легион Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **0**:**1**, «**Чайка**» (Песчанокопское) - «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - **1**:**0**.

«Ангушт» (Нэзрэн) - «Спартак-Владикавказ» (Владикавказ) зэIущIэр гъатхэм ягъэIэпхъуащ.

ЕтIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэм щыщIидзэжынур гъатхэпэм и 16-ращ. Абы щыджэгу командэхэм зэкIэ загъэпсэхунущ икIи илъэсыщIэм и пэщIэдзэхэм къызэхуэсыжынурэ зэпеуэм зыхуагъэхьэзырынущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Чайка»	**16**	**12**	**4**	**0**	**37-10**	**40**
2. «Урожай»	15	11	4	0	24-9	37
3. «Волгарь»	15	10	3	2	27-14	33
4. «Черноморец»	16	9	3	4	35-13	30
5. «Дружба»	16	9	0	7	17-18	27
6. «Легион Динамо»	16	6	6	4	20-15	24
7. «Биолог-Новокубанск»	16	7	3	6	18-15	24
8. «Спартак-Налшык»	**16**	**6**	**4**	**6**	**24-24**	**22**
9. «Мэшыкъуэ-КМВ»	16	4	5	7	17-22	17
10. СКА	16	3	7	6	10-16	16
11. «Краснодар-3»	16	3	4	9	19-33	13
12. «Спартак-Владикавказ»	15	3	3	9	16-25	12
13. «Ангушт»	15	1	8	6	7-16	11
14. «Академия»	16	2	3	11	11-30	9
15. «Динамо-Ставрополь»	16	2	3	11	15-37	9

Редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэнымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынур и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33
12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 • Тираж 2.113 • Заказ №1133